Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ РЕСПУБЛИКОН АДÆМОН ГАЗЕТ
РЕСПУБЛИКАНСКАЯ НАРОДНАЯ ГАЗЕТА СЕВЕРНОЙ ОСЕТИИ

РÆСТДЗИНАД

№ 242 (24524)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы
Издается с 14 марта 1923 года

Аргъ 10 сомы

2017 азы 28 декабрь — цыппурсы мæйы 28 бон, цыппæрæм

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ПАРТИТЫ АРХАЙД
"Иугонд Уæрæсе"-йы съезды делегатты ныхас журналисттимæ

3 АХСДЖИАГ ХЪУЫДДАГ
Сæ бæллиц — фыдæлты хæзнатæ бахъахъхъæнын

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Разы сты сæ афæдзы фæллæйттæй

Бæрæггæнæнтæ

Завод йæ хæстæ сæххæст кодта

Къам систа КЪÆБЫСТЫ Харитон

"Мæнмæ гæсгæ, ног æвзæрст Парламенты депутаттæ, завод "Электроцинк" адæмы æнæниздзинадыл, æрдзыл куыд зыны, уыдæттæ сбæлвырд кæныны тыххæй кусæг къорд кæй аразынц, уым æвзæрæй ницы ис. Уадз, æмæ равзарæнт, абарæнт, 10-20 азы размæ уавæр куыд уыдис, ныртæккæ заводы разамынд цавæр мадзæлттæй пайда кæнынц, цæмæй куыстады фæстиуджытæ цæрджытыл æвзæрæрдæм ма зыной, уыдæттæ. Уыцы фарстамæ аздæхтой стыр æргом, цыдæриддæр нæ иумæйаг бадзырдмæ нысантæ хаст æрцыдис, уыдон сæххæст кодтой", — знон Хицауады Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз архайдта, завод "Электроцинчы" разамынд цы дзуапдæттæн æмбырд скодтой, уым.

Фыццагдæр уал заводы генералон директор **Игорь Ходыко** уазджытæн, дзыллон-хабархæссæг фæрæзты кусджытæн цыбырæй радзырдта, Цæгат Ирыстон-Аланийы Хицауад æмæ Урайлаг хæххон-металлургон комплекс социалон-экономикон æмгуыстады тыхæй цы бадзырд бафыстой, уый куыд æххæстгонд æрцыдис, уыдæттыл. Уымæ гæсгæ хъуамæ республикæйы рæзт фæхъомысджындæр уыдаид, уæдæ, Дзæуджыхъæуы санитарон-эпидемиологион уавæр банывыл кæнынæн бæрæггонд æрцыдысты сæрмагонд мадзæлттæ. Сæйрагдæр 2017 азы завод бындуронæй рацарæзта сондоны-туагады цех. Арæзт æрцыдысты æхсæн, хусгæнæн, санитарон мæсгуытæ, уæззау æппарæццæгтæ æдасгæнæг æндæр объекттæ. Уыцы хъуыддæгтæн дихгонд æрцыдис 1 милиард æмæ 784 милуан сомы.

Игорь Ходыко бæстон ранымадта, заводы кусджыты, куыстуатмæ хæстæг чи цæры, уыцы адæмы, сæ сывæллæтты æнæниздзинад раиртасыны, дзæбæхгæнæн мадзæлтты фæрцы сæм фæкæсыны хъуыддæгтæ æххæстгонд куыд цыдысты, уыдæттæ. Æрхаста, заводы фæзуæттæм, йæ фæлладуадзæн-дзæбæхгæнæн кусæндæттæм куыд базылдысты, цæмæйты сæ сифтонг кодтой, ахæм дæнцæгтæ.

Дарддæр заводы директор, ныхасы архайджыты æргом аздæхта, фондз-æхсæз азы фæстæ ацы куыстуат куыд рацараздзысты, цавæр ногдзинæдтæ дзы фæзындзæн, экологи æмæ адæмы æнæниздзинадæн тæссагуæвæг æууæлтæ куыд иуварс кæндзысты, уымæ. Ацы æмбырдмæ бацæттæ кодтой кинонывы хуызы æрмæг, алкæй бон дæр уыдис бамбарын, завод дарддæр кæй рæздзæн, йæ продукци та парахатдæр кæй кæндзæн, уый. Фидæнмæ нысантыл æрдзурыны фæстæ Игорь Ходыко æмæ Тускъаты Таймураз дзуапп радтой уацхæсджыты фæрстытæн. Уыдон баст уыдысты куыстады æппарæццæгтæ ласынимæ, сæ бакусынимæ, ног æвзæрст Парламенты депутаттæ заводы архайд равзарыны охыл кусæг къорд саразынмæ кæй хъавынц, нæ республикæйы хæххон-æрзæткъахæн къабаз йæ къæхтыл слæууын кæнынимæ æмæ æндæр ахсджиаг хъуыддæгтимæ.

Заводы генералон директор Игорь Ходыко æмæ Хицауады Сæрдар Тускъаты Таймураз ма æрдзырдтой æндæр фарстатыл дæр. Тускъайы-фырт куыд бафиппайдта, афтæмæй заводыл цыдæриддæр хæстæ æвæрд уыдис, уыимæ — хъалонтæ æххæстæй фидын, уыдон аккаг æмвæзадыл сæххæст кодта. Кæронбæттæны ма уый арфæ ракодта Æхсæнадон палатæйы уæнгтæн дæр, куыстуаты архайдмæ сæ цæст кæй дарынц, уый тыххæй.

БУТАТЫ Эльзæ

Рафыссут "Рæстдзинад"

Кæд ма бамбардзыстæм нæхи?

2018 азы ирон адæмы раздзог, нæ зонды цырагъ, нæ удварны хæзна "Рæстдзинад" бæрæг кæндзæн йæ 95 азы. Уæдæй нырмæ йæ парахат хуымы зиууæттæй абоны зонджын, цæстуарзон кусджыты стыр къордмæ цас æмæ цас уыдис, "Рæстдзинад" йæ царды рухс кæмæн уыд, ахæм адæм!

Ныртæккæйы кусджыты ног фæлтæр кæстæрæй-хистæрмæ сæ удтæй арт цæгъдынц, Секъайы загъдау, нæ Иры хæххон æмæ быдираг хъæутыл зæрватыччытау ратæх-батæх кæнынц, иу хъуыддаг æнæ базонгæ, нæ адæмæн æнæ фехъусынгæнгæ нæ уадзынц.

Æмæ ма акæсут, хорз ирон адæм, æрмæст 5 мин адæймаджы рафыстой 2017 азæн газет "Рæстдзинад". Журнал "Мах дуджы" кой нал кæнын. Ау, 5 мин адæймагмæ æрхауд ацы зæххыл ирон адæмы нымæц?! Адæймаг фырмæстæй гæппæлгай куыд нæ фæхауа! Йæ риу "нард" фынгыл бадгæйæ, чи хойы, æз ирон дæн, зæгъгæ, Коцойты Арсены загъдау, йæ гуыбын чи рауадзы, йæ астæубос чи суæгъд кæны, уыдон дæр махау сæ пенсийы капеччытæй бинонтæ хæссынц? Искæй кой ма бакæнæнт, ничи сæ домы, фæлæ сæм, сæхицæн цæмæй рафыссой газет, уый дæр нæй?

31-æм æмæ 34-æм скъолаты ирон æвзаджы ахуыргæнджытæ курынц ирон адæмæй, рафыссут "Рæстдзинад", зæгъгæ. Уæд нæ республикæйы иннæ скъолаты нæй, ирон æвзаг кæм ахуыр кæнынц, ахæм адæм?

Æрмæст ирон æвзаджы ахуыргæнджытæ куы рафыссиккой нæ иунæг газет, уæддæр, 5 минæй цас фылдæр уаид йæ тираж, цас!

Кæддæр иу къуымых æнæсæр адæймагæй сирвæзт, "ирон æвзаг Елхотæй дæлæмæ нæ хъæуы", зæгъгæ, æмæ нæ абоны скъоладзауты "зонджын" ныййарджытæн уый сæ дзыхы абады.

55 азы скъолайы базæронд дæн æмæ никуы фехъуыстон, Ирыстоны ирон æвзаг нæ ахуыр кодтой, уый. Ныртæккæ бирæ ныйййарджытæ директортæм смидæг вæййынц, нæ ахуыр кодтон ирон æвзаг æмæ йæ нæ зонын, æмæ мæ сывæллоны дæр нæ хъæуы, зæгъгæ.

Стыр Хуыцауæй разы, Битарыфырты руаджы "Ирон адæмы IX съезды иронау сдзырдтой ныхасгæнджытæ. Амæй размæ та-иу бæрзонд трибунæйæ ирон æвзаджы уавæры тыххæй дæр уырыссагау дзырдтой нæ иуæй-иу ахуыргæндтæ.

Ирон адæм сæ равзæрынæй абонмæ цы рæдыдтытæ фæкодтой, уыдонæн сæ сæйрагдæртæ сты нæ ирон цæсгом, нæ фарн, не 'гъдау, не 'фсарм сæ раздæры уагыл кæй нал сты, уый.

Æппæтæй диссагдæр та уый у, æмæ не 'взаг дзырддаг кæй сси. Зæрдæ хъуамæ куыд нæ ныккæрза, не 'взаг фесæфдзæн, зæгъгæ, куы фæзæгъынц, уæд. Æмæ ма уæд махæй цæй адæм ис? Æвзаг куы нæ уа, уæд адæм дæр кæй нал уыдзыстæм, уый нæм нæма хъары? Нæ фæстагæттæ нын уыцы хъуыддаг кæй нæ ныббардзысты, уый дæр нæма æмбарæм? Æви æмбарынхъом дæр нал стæм.

Алы бæстæты ахуыргæндтæ се 'ргом здахынц нæ алæмæты 'взаг базонынмæ, нæхи та хъæугæ нæ кæны. Ахуыргæндты хъуыдымæ гæсгæ, йæ мадæлон æвзаг чи зоны, уымæн йæ сæры магъз хуыздæр кусы. Æмæ уæд мах цæуылнæ уадзæм нæ сывæллæтты сæрты мæгъзтæ хуыздæр кусын?

Раджы дæр æмæ ныр дæр, Иры ныйййарджытæ, сымахæй аразгæ уыд æмæ у не 'взаджы хъысмæт. Хæдзары, бинонты 'хсæн куы хъуыса ирон дзырд, уæд арфдæр хъары кæстæрты зæрдæтæм.

Уæдæ ма-иу мæ фыды раз ма æрбад æмæ йын абоны газеты хабæрттæ ма бакæс, хъæдæй-иу фæлладæй куы 'рцыд, уæд. Мæ фыд хæстæй куы ссыд, уæд хъæдгæсæй кусын райдыдта, хæсты размæ та колхозы сæрдарæй куыста. Уадзгæ дæр æй нæ кодтой, ам тынгдæр хъæудзынæ, зæгъгæ, фæлæ фæсивæд — йæ цахъхъæнтæ куы аивылдысты, уæд нал ныллæууыд. Æмæ йын йæ амæлæты бонмæ йæ къам Кады фæйнæгæй нæ райстой Ирыстоны хъæды хæдзарады бæстыхайы.

Æппæт хистæрты номæй ма уæ иу хатт курын, хорз адæм, рафыссут "Рæстдзинад" 2018 азæн. Уæ кæстæрты бафтаут йæ кæсыныл æмæ, йыл куы фæцахуыр уой, бахъуыды кæнут, нал уын ферох кæндзысты мыггагмæ уыцы хорздзинад. Ахæм дæнцæгтæ тынг бирæ ис... Нæ сыхæгты лæппу бинонтæ куы 'рхаста, уæд Амырыкмæ ацыд. Уым сын дыууæ сабийы рантыст. Ныр ардæм куы ссæуынц, уæд уыцы сывæллæттæм байхъусын диссаг вæййы. Тынг сыгъдæг дзурынц иронау дæр.

Мæскуыйы та ма суанг уырыссаг мадæлтæ дæр сæ цотимæ иумæ ахуыр кæнынц не 'взаг. Уый та уын, "Елхотæй дæлæмæ цы 'взаг нæ хъæуы", уый хабæрттæ.

34-æм микрорайоны цалынмæ Битары-фырт уыд депутат, уæдмæ нæ никуы ницы хъуаг ныууагъта, суанг "Рæстдзинад"-æй дæр. Уый фæстæ та — Байсонгъуырты Тимур. Нæ удтæ йæ фæхъхъау. Алы хъуыддаджы дæр дзы никуы ферох стæм. Раздæр диссаджы парахат аллей скæнын кодта, йæ рацæуæны — нæ фыццаг рухстауæг Æгъуызаты Иуанейы рæсугъд цыртдзæвæн. Æнафонтæм адæм сæ фæллад уым фæуадзынц. Ныр Тимур Парламенты бæрнон бынаты кусы æмæ ныл уæддæр йæ арм дары. 43-æм скъолайы бæстыхай сæрттивын кодта (йæ рауагъдон у). Ахæм зал дзы сцалцæг кæнын кодта, æмæ йæ нал базондзынæ. Стыр Театры залы хуызæн у сценæйæ æндæрæй. Ахæм лæппутæ нæм фылдæр гуырæд.

ПСХАЦЪÆТЫТАУТИАТЫ Лидæ

Медицинæ

Араздзысты ног амбулаторитæ

Цæгат Ирыстоны ссædз хъæуы саразын хъæуы ног фелсырон-акушерон кусæндæттæ æмæ амбулаторитæ. Республикæйы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрад кæуыл бакуыста, адæмæн медицинон æххуыс парахатæй кæныны фæдыл, уыцы стратегимæ гæсгæ рæхджы регионы аразын райдайдзысты ног фелсырон-акушерон кусæндæттæ.

2018 аз кæй байгом кæнынмæ хъавынц, уыцы дыууæ фелсырон-акушерон кусæндонæй иу фæзындзæн Алагиры районы хохаг хъæутæй иуы — Цъæйы, иннæ та — поселок Реданты.

2017 азы сентябры Æрæфы районы Дзынагъайы байгом кодтой ног фелсырон-акушерон кусæндон. 50 азæй фылдæр кæуыл цыд, уыцы зæронд бæстыхай уыд кæлæддзаг уавæры. 1300 метры бæрзæндыл æрбынæттон уæвæг ног кусæндон райдиан медицинон-санитарон æххуыс кæндзæн канд Дзынагъайы нæ, фæлæ хæстæг цыппар хъæуы цæрæг адæмæн дæр.

Ныртæккæ хъæуты чи ис, 1930-1960 азты арæзт уыцы фелсырон-акушерон кусæндæттæй иу дæр нырыккон арæзтадон, санитарон-эпидемиологион æмæ зынгсирвæзты нормæты аккаг нæу.

Зæгъæм, 1050 адæймаджы кæм цæры, Рахизфарсы районы уыцы Бæтæхъойыхъæуы амбулаторийы бæстыхай базæронд. Специалисттæ ацы районы Бруты хъæуы (цæры дзы 2100 адæймаджы) амбулаторийы бæстыхай дæр банымадтой кæлæддзагыл.

30 азты Горæтгæрон районы Хъобаны арæзт амбулаторийы бæстыхай раууатмæ кæй æрцыд, уымæ гæсгæ йæ сæхгæдтой. Ныртæккæ бынæттон цæрджытæн медицинон æххуыс кæнынц хицæн адæймагæй хаццоны ист хæдзары. "Роспотребнадзор"-ы бардзырдмæ гæсгæ кæй сæхгæдтой, Михайловскыхъæуы кæлæддзаг уавæры уæвæг уыцы амбулатори дæр æрбынæттон хаццоны ист бæстыхайы.

Министрады коллеги

Къуырцдзæвæнæй кæддæриддæр ис рацæуæн

"Ацы аз нæ республикæйы сагъд æрцыд 342 гектары ног дыргъдæттæ", — ацы хабар знон фехъусын кодтой РЦИ-Аланийы Хъæууон хæдзарад æмæ хойраджы министрады коллегийы радон æмбырды. Архайдтой дзы министр УАЗИТЫ Хъазыбег, республикæйы Сæргълæууæджы уынаффæгæнæг УЫРЫЦХЪУАТЫ Зауырбег, РЦИ-Аланийы Парламенты аграрон комитеты сæрдар ТЕТЦОЙТЫ Георги, æндæр бæрнон кусджытæ.

Сæйраг докладгæнæг, министры фыццаг хæдивæг, **Мæрзойты Хъазыбег** бæстон æрныхас кодта хъæууон хæдзарды алы къабазы уавæрыл дæр.

Паддзахадон æххуыс, грантты хуызы райсынмæ сæ куырдиæттæ балæвæрдтой 250 адæймаджы. Уыдонæй 111, сæ хæдзарæдты райрæзтæн æхсæнадон къамисы иумæйаг хъуыдымæ гæсгæ, райстой паддзахадæй æхца. "Кæд 2012 азæй нырмæ 60 милуаны бæрц уыд уыцы паддзахадон æххуыс, уæд ныр та бæлвырд фæфылдæр, федералон министрад ныфс æвæры 160 милуан сомы радих кæнынæй", — загъта министры хæдивæг. Хицæнæй загъта, халсарты куыст кæй рапарахат кæнын хъæуы, ис цæттæ проекттæ, дæсны специалисттæ. Дæнцæгæн æрхаста Кировы районы Джыбылаты Хъазыбеджы хæдзарад. Ис дзы алцæмæй ифтонг консервгæнæн завод, цæттæ у адæмæй дыргътæ, халсартæ исынмæ.

"Горæтгæрон районы Æрхонкæйы зæххытыл æрбынат кодта ног дыргъдон "Казачий хутор". Уыдзæн дзы консервгæнæн завод дæр. Иу ахæм проект та бацæттæ кодтой Дыгуры районы, СПК "Хадати" сфæнд кодтой чысыл консервгæнæн цех саразын. Республикæйы разамынд, министрад, кæддæриддæр куыстмæ разæнгард чи у, уыдонæн сæ фарсмæ балæвæрдтой", — загъта министры хæдивæг.

Бирæ хорз фæндтæ æмæ бæллицтæ ис ирыстойнаг хъæууон хæдзарады кусджытæм. Хъуамæ фылдæр нæхимæ конд продукци уа нæ дуканиты æмæ базарты тæрхæджытыл, æхсыр, айк, цыхт, дыргътæ æмæ халсартæ, кæсаг, тауинæгтæ.

— Бирæ зындзинæдтæ лæууы нæ размæ фидæн азы, фæлæ къуырцдзæвæнæй кæддæриддæр рацæуæн ис. Архайдзыстæм федералон программæты, министрады цур кусдзæн стыр инвестицион хайад. Нæ зæрды ис хъæууонхæдзарадон базар саразын, сæвæдджертæн дзы бынат нæ уыдзæн, æрмæст йæхи къухвæллойы продукци чи уæй кæна, уыдонæн, — загъта министр Уазиты Хъазыбег. Иумæйаг хъарутæй, æмзондæй уыдзыстæм уæлахиз.

ГУГКАТЫ Жаннæ

Æппæтуæрæсеон адæмон фронт

Донуадзæнты цауд уавæр

Мæскуыйы Æппæтуæрæсеон адæмон фронты форум "Россия, устремленная в будущее"-йы архайгæйæ, æхсæнадон организацийы цæгатирыстойнаг хайады минæвæрттæ дзы æрныхас кодтой регионы адæмы сагъæсы æфтауæг донуадзæн хæтæлты цауд уавæрыл.

Дыууæ боны дæргъы æмбырды архайдтой бæстæйы алы регионтæй æрбацæуæг Фронты активисттæ, стæй хицаудзинады оргæнты минæвæрттæ æмæ журналисттæ. Æдæппæт — 4 мин адæймаджы.

— Цæгат Ирыстоны бирæ районты цæрæг адæм хъаст кæнынц сæ нуазыны донæй. Ныртæккæ республикæйы территорийыл нуазыны дон кæцæй амал кæнынц, уыцы 125 гуырæнæй 13 нормативон домæнтæн дзуапп нæ дæттынц. Биноныг æхгæд чи нæу, уыцы 114 гуырæнтæм æцæгæлон адæймæгтæ кæнæ фос æнцонтæй цæуынц. Дзæуджыхъæу донæй æфсадæг муниципалон куыстуат "Владикавказские водопроводные сети"-йы донуадзæн хæтæлтæ баихсыдысты, — зæгъы Адæмон фронты проект "Генеральная уборка"-йы цæгатирыстойнаг координатор **Бекъойты Аслан**.

Æппæтуæрæсеон адæмон фронты активисттæ æрдзхъахъхъæнынады, экологи æмæ транспорты фарстаты фæдыл Уæрæсейы Президенты сæрмагонд минæвар **Сергей Ивановæн** бафæдзæхстой фарстамæ комкоммæ æргом аздахын.

БÆДТИАТЫ Оксанæ

Дзырды фарн

Бæлас дæр иунæгæй хъæдбыны нæ фидауы.

ÆМБИСОНД

Боныхъæд	**Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **28 декабры,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **7 — 12 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **10 — 12 градусы хъарм.**	Боны дæргъ — 9,04	**Хурыскаст** — 7,28 **Хурныгуылд** — 16,32	Валютæйы аргъ	**Доллар** — 57,75 ↑ **Евро** — 68,75 ↑

Партиты архайд

”Иугонд Уæрæсе”-йы съезды делегатты ныхас журналисттимæ

Куыд зонæм, афтæмæй 22-23 декабры Мæскуыйы уыд парти ”Иугонд Уæрæсе”-йы XVII съезд. Уазджытимæ дзы архайдта 2500 адæймаджы, уыдонимæ 455 делегаты ”Иугонд Уæрæсе”-йы регионалон 85 хайадæй, министрæдтæ æмæ ведомствоты разамонджытæ, Паддзахадон Думæйы депутаттæ, регионты æххæстгæнæг æмæ закъонады хицауады минæвæрттæ, ”Иугонд Уæрæсе”-йы регионалон хайæдты секретарьтæ, экспертон æмæ наукон æхсæнæдты минæвæрттæ. Съездмæ аккредитацигонд æрцыд бирæ журналисттæ — федералон, регионалон æмæ фæсарæйнаг дзыллон-информацион фæрæзты мин минæварæй фылдæр. Партийы съезды архайдта цæгатирыстойнаг делегаци, йæ сæргъы — регионы разамонæг, партийы уæлдæр Советы уæнг БИТАРТЫ Вячеслав, афтæмæй.

Делегацийы уæнгтæ уыдысты: РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар **Алексей Мачнев**, партийы Цæгат-Ирыстоны регионалон хайады секретарь **Ортабайты Тимур**, хайады æххæсткомы разамонæг **Едзойты Марат**, республикæйы Парламенты депутаттæ **Джелыты Роберт, Битарты Зауыр** æмæ **Токаты Людмилæ**; съездмæ æвзæрст делегаттæ **Хъайтмазты Мурат** (партийы Æрыдоны бынæттон хайадæй), **Бутаты Заремæ** (партийы Алагиры бынæттон хайадæй) æмæ **Дулаты Маринæ** (партийы Промышленнон бынæттон хайадæй).

Æппæтуæрæсеон политикон парти "Иугонд Уæрæсе"-йы Цæгат Ирыстоны регионалон хайады агъуысты съезды делегаттæ æмæ уазджытæн уыд фембæлд республикæйы журналисттимæ, амыдта йæ Ортабайты Тимур.

Уый куыд фехъусин кодта, афтæмæй съезды боны фæткы сæйрагдæр ныхас цыд 2018 азы мартъийы Уæрæсейы Президенты æвзæрстыты фæдыл. Арæзт æрцыд Хицауады куысты, йæ архайд бæрæг кæныны æмæ бюджеты фæрæзтæй хуыздæр пайда кæныныл, наукæйы, ахуырад, культурæ æмæ медицинæйы райрæзты фæдыл ныхас кæныны фæзтæ. Уыдоны архайдтой Цæгат Ирыстоны делегацийы минæвæрттæ дæр, сæ сæргъы Битарты Вячеслав, афтæмæй.

Республикæйы Сæргъæууæг федералон Хицауады минæвæрттимæ фембæлды рæстæг архайдта РЦИ-Аланийы ахсджиаг фарстатæ лыг кæныныл дæр. Ортабайты Тимур ма куыд загъта, афтæмæй съезды раныхас кодта Уæрæсейы Федерацийы Президент **Владимир Путин**. Уый бафиппайдта, "Иугонд Уæрæсе"-йы уæнгтæ адæмы пайдайæн бирæ стыр хъуыддæгтæ кæй аразынц, æмæ раззагдæрыл нымад дæр уымæн кæй у. Партийы съезд хорзыл баныдмадта, Владимир Путины кандидатурæ Уæрæсейы Федерацийы Президенты æвзæрстытæм æмæ рахаста хъæугæ уынаффæ. Партийы хæстæгдæр рæстæджы сæйрагдæр хæсты тыххæй доклад скодта **Дмитрий Медведев**. Съезды делегаттæ бахастой ивддзинæдтæ партийы Уставмæ. Партийы Генералон æмæ Уæлдæр Советты дæр æрцыдис ивддзинæдтæ. Президиумы Генералон Советы баззад Токаты Людмилæ æмæ ма йæм æвзæрст æрцыд Паддзахадон думæйы депутат **Мæхъиты Зураб**.

Президиумы Генералон Советы партийы Цæгат Ирыстоны регионалон хайады минæвæрттæ дыууæйæ кæй сты, уый хорзæрдæм æнæфæзынгæ нæ фæуыдзæн республикæйы хъуыддæгтыл дæр. Съезды делегаттæ бæстон æмæ бæлвырд дзуæппытæ радтой республикæйы дзыллон-информацион фæрæзты минæвæрттæн.

КАСАТЫ Батрадз

Нысанмæарæзт федералон программæтæ

Æхцайæ æмæфсисады бæрц

Цæгат Ирыстоны Сæргъæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ куыд фехъусин кодта, афтæмæй нæ республикæ 7 проценты (раздæры азтимæ абаргæйæ, уый у цалдæр хатты къаддæр) бæрц æхцайæ æмæфсисады æууæлимæ архайдзæн нысанмæарæзт федералон программæты.

Æхцайæ æмæфсисады къæпхæн 20-30 процентмæ куы хæццæ кодта, уыцы рæстæг (ома 2015-2016 азты) Цæгат Ирыстонæн нысанмæарæзт федералон программæты архайыны фадат нæ уыд.

Программæты архайды фæрцы 2018 азы республикæ райсдзæн 6,4 миллиард сомы. Регионы социалон-экономикон рæзты ахъазгæнæг мадзæлттæн федералон бюджетæй кæй дæттынц, уыцы æхцайы бæрц, 2017 азимæ абаргæйæ, 1,2 миллиард сомы фæфылдæр уыдзæн.

Программæты архайыны фæдыл конкурстæ арæзт кæй нæма æрцыдысты, уый нымайгæйæ, уæвæн ис, æмæ Цæгат Ирыстон райсдзæн 6,4 миллиард сомæй фылдæр æхца.

— Фидаргонд курдиатæтæ нымайгæйæ, Экономикон рæзты министрад æмæ Проектон офисæн фæдзæхсын нысанмæарæзт программæтæм хаст æппæт объектты арæзтады æмæ рацарæзты фæдыл профилон федералон министрæдтимæ бадзырдтæ фидар кæныны фæтк бацæттæ кæнын. Æппæт объекттæн дæр гæххæттытæ хъуамæ афоныл арæзт æрцæуой, — загъта РЦИ-Аланийы Сæргъæууæг Битарты Вячеслав.

Æххæстгæнæг хицаудзинад

Цæст дардзæн æмгуыстады фарстатæм

Уæрæсейы премьер-министр Дмитрий Медведевы бардзырдæй Ненецты автономон зылды раздæры губернатор Игорь Кошины сæвæрдтой Цæгат Кавказы хъуыддæгты фæдыл федералон министры хæдивæгæй.

Министры ног хæдивæг цæст дардзæн Абхаз æмæ Хуссар Ирыстон æмæ Уæрæсейы æмгуыстады фарстатæм. Уæрæсейы Федерацийы Цæгат Кавказы хъуыддæгты министрад сарæзтой 2014 азы 12 майы. Ныртæккæ ведомствойæн разамынд дæтты амæйразмæ Красноярскы крайы губернаторы бынат ахсæг Лев Кузнецов.

Цæгат Кавказы хъуыддæгты министрады хæс у Цæгат Кавказы федералон зылды социалон-экономикон рæзты къабазы паддзахадон политикæ æххæст кæнын æмæ федералон зылды территорийыл нысанмæарæзт федералон программæты æххæсткæнынадмæ цæст дарын.

Уымæй уæлдай, министрад цæст дары Абхазы æмæ Хуссар Ирыстоны социалон-экономикон рæзтæн æххуысы инвестицион программæтæм.

Балц

Ног азы бæрæгбонмæ — Мæскуымæ

Кремлы Паддзахадон галуаны кæй сараздзысты, уыцы Ног азы бæрæгбоны архайынмæ ацыд цæгатирыстойнаг сывæллæтты къорд.

Нæ республикæйы скъоладзаутæн уыд бæстæйы сæйраг назбæлас фены æмæ бæрæгбоны рæсугъддзинад банкъарыны фадат. Фæсивæды фылдæр хайæн ацы балц нымад у ахуырады æмæ алыхуызон конкурсты æвдыст æнтыстдзинæдты тыххæй хæрзиуæгыл. Цæгатирыстойнаг делегацийы 36 адæймаджы æхсæн ис сидзæрдæтты æмæ фæкæсинаг хæдзæрттæй сывæллæттæ, стæй службæйы хæстæ æххæст кæныны рæстæг фæмард уæвæг æфсæддонты цот дæр. Адонæн сæрмагондæй бахуыдтой æмхуызон уæлæдарæс: къурткæтæ, хъуырбæттæнтæ æмæ худтæ.

Æдасдзинад балцы сæйраг æууæлтæй иуыл нымад кæй у, уымæ гæсгæ сывæллæттимæ иумæ ацæуæг 9 хъомыл адæймаджы æхсæн сты пъæлицæйы кусджытæ, дохтыртæ æмæ ахуыргæнджытæ.

Сывæллæттæ Мæскуымæ балцы ацæуынмæ рагæй бæллыдысты. Фæсивæдæн бацæттæ кодтой стыр культурон-ирхæфсæн программæ. Скъоладзаутæ ма бабæрæг кæндзысты Космонавтикæйы номарæн музей, планетари æмæ “Цветной бульвар”-ы цирк.

Нæ уацхæссæг

Хуссар Ирыстонæй

Удварнон хъомылады программæ

2017-2019 азты республикæйы рæзгæ фæлтæры удварнон хъомылады программæ куыд æххæст кæнынц, уый тыххæй кæронбæттæн пресс-конференцийы радзырдта ахуырад æмæ наукæйы министр ГАССИТЫ Натали.

— Парламент ацы программæ сфидар кодта июлы, сентябры æмæ октябры та йæ нæ ведомство æххæст кæнын райдыдта. Ныртæккæ программæмæ гæсгæ Национ музейы бындурыл скъоладзаутæн кæсынц лекцитæ, паддзахадон драмон театр та сывæллæттæн цæттæ кæны спектакль. Скъолаты фæллойы кусæнуæттæ сифтонг кæнынæн бадзырдтæ фидар кæнæм. Кувæндæттæ æмæ цыртдзæвæнтæм зилынимæ, экологион акцитæ аразынимæ æмæ Фыдыбæстæйы хъахъхъæнæджы бон бæрæг кæнынимæ баст чи у, программæмæ ахæм мадзæлттæ дæр бахастам. Æрæджы сарæзтам Хъæбатырдзинады æмæ Мады бæрæгбæттæ, сывæллæттæ дæр кæм архайынц, скъолайы уæлæдарæсæн логотип равзарыны фæдыл ахæм дзыллон мадзæлттæ. Социалон уагæй проектты конкурс (уыимæ — конкурс "Мæ хæдзарвæндаг" дæр) расидтыстæм. Курдиатджын сывæллæттæн æххуыс кæндзыстæм. Республикæйы фыццаг хатт фæзындзæн планетари (сараздзысты йæ Сывæллæтты сфæлдыстады галуаны). Æвзонг техникты станцæйы байгом уыдзысты къамисджыты студитæ. Иннæ къабæзтæ дæр рæздзысты. Сæрды скъолаты кусдзысты фæлладуадзæн къордтæ. Хуссар Ирыстоны фæзындзæн этнолагерь дæр. Сараздзыстæм туризмы къабазы хуыздæр проект равзарыны фæдыл конкурс, сывæллæтты туризмы центр байгом кæнынмæ кæм хъаваем, æвзонг натуралистты уыцы станцæ та конкурсы проект баххæст кæндзæн. Программæмæ гæсгæ джиппы рауадздзыстæм Мæргъиты Ирбеджы чиныг "Мифы и легенды Осетии для малышей". Ацы чиныг ахуырдзауты зæрдæмæ кæй фæцæудзæн, ууыл зæрдæ дарæм, — загъта министр.

Æхсджиаг фарста

Хъахъхъæнынц фæлхасгæнджытæн сæ бартæ, стæй се 'нæниздзинад

Промышленнон продукци нæ республикæмæ æнæзакъонæй ласын, йæ хæрзхъæддзинад дызæрдыгаг кæмæн у, ахæм мæнг продукцийы аххосæй фæлхасгæнджыты бартæ, сæйрагдæр та, се 'нæниздзинад халын — ацы фарстайæн йæ ахсджиагдзинад къаддæр нæ кæны. Ахæм æнæзакъон цаутæ не 'руадзыны тыххæй Цæгат Ирыстоны æмæ Кæсæг-Балхъары Россельхознадзоры иумæйаг управлени æххæст кæны ацы закъонхалæн цауы ныхмæ арæзт æмбæлгæ мадзæлттæ.

Промышленнон продукцийы æнæзакъон зилдухы ныхмæ Стратеги нысангонд æрцыд Уæрæсейы Федерацийы Президенты Указæй æмæ нæ бæстæйы Хицауады уынаффæйæ. Стратегийы куыд амынд ис, афтæмæй хойраджы промышленность æппæт промышленнон къабазæн у йæ ахсджиагдæр хай, æмæ йæм хъуамæ уа уæлдай фылдæр цæстдард, халæн цаутæн лæвæрд цæуа аккаг ныхкъуырд, уымæн æмæ ацы ран ныхас цæуы фæлхасгæнджыты æдасдзинадыл. Уымæ гæсгæ Россельхознадзоры управлени йæ цæст дары нæ республикæйы территорийыл хъæууонхæдзарадон продукцийы зилдухмæ, уыимæ, промышленнон куыстуаты уаварты арæзт чи цæуы, уымæ дæр. Афтæ, 2015 азæй абоны бонмæ управленийы кусджытæ не 'руагътой фæсарæйнаг бæстæтæй нæ республикæмæ æнæзакъонæй фосдарынады æмæ зайæгойты продукци æрбаласыны цаутæ. 2015 азы, ветеринарон æмæ карантины фитосанитарон цæстдард æххæст кæнгæйæ, уадзæн пункттæ "Уæллаг Ларс" æмæ "Дæллаг Зæрæмæджы" кусджытæ арæнты сæрты Уæрæсемæ æрбаласын нæ бауагътой зайæгойты продукцийы 16 партийы (сæ иумæйаг уæз уыд 91,545 тоннæйы) æмæ фосдарынады продукцийы 9 партийы (69,6 тоннæйы). Радхæсджытæ кæй баурæдтой, уыцы продукцийы 'хсæн уыдысты: карчы фыд, кæсаджы продукци, къуымбил, дзидзайы продукттæ цæттæйæ, æхсыры продукттæ, халсартæ. Ивгъуыд аз кæй баурæдтой, уыцы æнæзакъон продукцийы бæрц уыд 99 товаромæ партийы, (53,1 тоннæйы), 2 партийы та — фосдарынады продукци (18 тоннæйы).

Ацы азы фыццаг æмбисы республикæйы арæнты сæрты Уæрæсемæ æрбаласын нæ бауагътой зайæгойты продукцийы 2 партийы, сæ иумæйаг уæз — 2,1 тоннæйы. Æнæзакъонæй ласт чи цыд, æппæт уыцы продукци ветеринарон-санитарон æмæ фитосанитарон æгъдауæй разынд тæссаг, уымæй уæлдай йын нæ уыд æмбæлгæ документтæ. Уымæ гæсгæ æнæзакъон продукци урæд æрцыд.

Цæстдарæн-бæрæггæнæн мадзæлттæ æххæст кæнгæйæ, Россельхознадзоры управленийы кусджытæ бæрæг кодтой, хъæууонхæдзарадон продукцийы куыст чи кæны, чи йæ дары æмæ йæ уæй чи кæны, уыцы хæдзариуæггæнæг субъектты архайд. Каст цыд фосдарынады хæдзарæдтæм, æргæвдæн пункттæм, дзидзайы куыстгæнæг хæдзарæдтæм, базартæм, уæйгæнæн куыстуæттæм, ветеринарон афтектæм, хордæттæм, стæй хъæууонхæдзарадон продукци æмæ ветеринарон хосты зилдухимæ баст æндæр бынæттæм. Зæгъын хъæуы уый, æмæ нæ республикæйы хъæууонхæдзарадон продукци уадзæг стырдæр куыстуæттæ — Æнæххæст бæрнондзинады æхсæнæдтæ "Да", "Деликат", "Мастер Прайм Березкæ", "Молпродукт", "Альфа", Дзæуджыхъæуы æхсыры завод, зæхкусæн-фермерон хæдзард "Дербитов" — уадзынц, фæлхасгæнæг æдас кæмæй у, ахæм æнæзæрдæхсайгæ хæрзхъæд продукци. Уый дызæрдыгаг нæу, уымæн æмæ ацы куыстуæтты продукцийы хæрзхъæддзинад бирæ хæттыты бæлвырдгонд æрцыд цæстдарæн иртасæнты фæрцы.

Фæлæ, хъыгагæн, разыны, закъонæвæрынады домæнтæ чи халы, ахæм продукци уадзыны цаутæ дæр. Зæгъæм, 2015 азы рабæрæг Мæздæджы районæй Стъараполы краймæ æнæ æмбæлгæ документтæй мæнæу ласыны 3 цауы (мæнæуы иумæйаг уæз уыд 576 тоннæйы). Уый фæдыл административон æфхæрд баййæфтой, хоры куыст чи кæны, æртæ ахæм куыстуаты — "СПОК Заря", "СПК Колос" æмæ "СПК ЮгСветМонтаж".

2016 азы рабæрæг уæлдæр амынд закъонхалæг цаутæн сæ халдих 2 цауы. Фыццаг æрцыд Стъараполы крайы, уым æнæзакъонæй равдæлон кодтой, документтæ кæмæн нæ уыд, сысджыйы ахæм 43 тоннæйы, уымæй уæлдай ма бакусынмæ райстой, Декларацы кæмæн нæ уыд, нартхоры ахæм 10 тоннæйы. Дыккаг цау та баст у, Белоруссийы Республикæйæ 200 тоннæйы стуры фыд кæй æрбаластой, уыимæ. Æнæзакъон продукци зилдухæй ист æрцыд, хæрзхъæддзинады æмæ æдасдзинады домæнтæн дзуапп кæй нæ лæвæрдта, уый тыххæй.

Цæстарæн-бæрæггæнæн мадзæлттæ æххæст кæнгæйæ, Управленийы специалисттæ кастысты, ахуырадон, дзæбæхгæнæн, дзæбæхгæнæн-профилактикон æмæ социалон кусæндæтты закъонæвæрынады домæнтæ æххæстгонд куыд цæуынц, уымæ. Ивгъуыд аз арæзт æрцыд 95 ахæм бæрæггæнæн куысты, ацы азы фыццаг æмбисы та уал — 16. Каст цыд продукцийы хæрзхъæддзинадмæ æмæ йе 'дасдзинадмæ, кæм æй дарынц, уыцы бынæтты ветеринарон-санитарон уаварæмæ, продукцийæн æмбæлгæ документтæ ис æви нæ, уыдæттæм. Афтæмæй сбæрæг, æмбæлгæ документтæ кæмæн нæ разынд, фосдарынады ахæм продукци балхæныны 9 цауы. Управленийы кусджытæ æнæзакъон зилдухæй систой æмæ ветеринарон-санитарон экспертизæмæ барвыстой дзидзайы 38 килограммы, 300 та — айчытæ. Уый фæдыл 9 адæймагыл (уыдон сты куыстуæтты разамонджытæ кæнæ куыстыл бæрнон дзуапдæтджытæ) арæзт æрцыдысты административон хъуыддæгтæ æмæ сæ фæивар кодтой.

Промышленнон продукцийы æнæзакъон зилдухæн ныхкъуырд дæттыны хъуыддаджы ахсджиагдæр лыггæнинаг фарста у мæнг продукци (фальсификат) уадзын, стæй, промышленнон продукци уадзæг къабазы архайджытæ æдасдзинады техникон регламенты домæнтæ æххæст кæй нæ кæнынц, уый.

Хойраджы продукцийы хæрзхъæддзинады æмæ æдасдзинады паддзахадон программæйы фæлгæты, мæнг продукци уадзыны æнæзакъон цаутæ бæрæг кæныны æмæ сæ не 'руадзыны тыххæй ивгъуыд азæй фæстæмæ Управленийы специалисттæ иртасæн куыстыты фæрцы бæрæг кæнынц продукцийы хæрзхъæддзинад Россельхознадзормæ хауæг лабораториты. Продукт мæнг у æви нæ, уый базоныны тыххæй лабораториталæм æрвыст æрцыд хъæууонхæдзарадон продукцийы 264 пробæйы, уыдонæй 174 сты æхсыры, 90 та — дзидзайы продукцийы пробæтæ. Хъуыддаг куыд равдыста, афтæмæй æхсыры продукцийы пробæтæй 56 разынд мæнг, дзидзайы продукцийæ та мæнг разындысты 15 пробæйы. Лабораторон иртасæнтæ куыд равдыстой, афтæмæй дзидзайы продукцийæ иуæй-иу хуызты разынд сояйы урсаг æмæ субпродукттæ, æхсыры иуæй-иу продукцийы та — зайæгойты сой æмæ æфтауæнтæ, цас æмбæлы, уымæй фылдæр. Ахæм продукттæм бахаудысты нæлхæ, æхсырысæртæ, къæдор, пастеризацигонд æхсыр, дзидзайы консервтæ (стуры дзидза сурвыхæй), дзидзайы полуфабрикаттæ (пельменитæ, хинкъалтæ), къалбæстæ (ветчина). Уымæй уæлдай лабораторон иртасæнты фæрцы рабæрæг, ветеринарон хостæй дыууæ хуызы сæ домæнты аккаг кæй нæ разындысты, уый дæр. Мæнг продукци чи уадзы, æнæзакъонæй йæ чи ласы, ахæм хæдзариуæггæнæг субъекттæ разындысты Стъараполы крайы, Кæсæг-Балхъары Республикæйы, Мæскуы æмæ Мæскуыйы, Орелы æмæ Калиниграды облæстты. Мæнг продукци уадзыны æмæ йæ æнæзакъонæй ласыны æппæт цауты фæдыл дæр æмбæлæ хъусынгæнинæгтæ æрвыст æрцыдысты уыцы регионты Россельхознадзоры территориалон управленитæм, закъонхалджыты ныхмæ аккаг мадзæлттæ арæзт цæмæй æрцæуа, уый тыххæй.

ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ

Курдиатджын артист Цæрукъаты Алыксандры райгуырдыл сæххæст 95 азы

Бонвæрнон стъалыйау рухс, ирд æмæ тæмæнтæкалгæ...

Ирон профессионалон театралон аивады йе сфæлдыстадон цард цыбыр кæмæн уыд, фæлæ дзы ирд, хæдхуыз, ахадгæ фæд чи ныууагъта, уыцы курдиатджын арфæйаг зиууæттæй иу уыдис ЦИАССР-йы адæмон æмæ УФ-йы сгуыхт артист ЦÆРУКЪАТЫ Алыксандр (Дзибокка).

Сценæйы йæ чи федта, уыдоны зæрдæты хуры фыццаг тынау баззад æрттивгæ йæ фарны рухс. Уымæн абоны онг æрмынæг уæвæн нæй, рæстæджы уадзилдух ыл нæ тых кæны. Йæ æрмдзæфы хæдхуыздзинады æууæлтыл абон дæр дис кæнынц ирон театры артисттæ æмæ аивадуарзджытæ. Æмæ йæ ном кæнæ йæ аив хъæлæс радиойæ фехъусгæйæ (уый та арæх вæййы!), æнкъардæй, зæрдæйы æрфытæй цæуæг ныхæстæй бакæнынц: "Алыксандр ирон сценæйы цæргæ кодта, цæргæ". Йæ рæстæджы ирон теары цур студи каст цы фæсивæд фесты, уыдоны æхсæн йæ курдиат уæлдай ирддæрæй бæрæг уыд. Ирон профессионалон театры бындурæвæрæг, Цæгат Ирыстоны АССР-йы аивæдты сгуыхт аркайæг Тотраты Бесæ Алыксандры тыххæй ахæм зæрдиаг хъыдытæ загъта: "Ирон театры цур студийы чи ахуыр кодта, уыцы фæсивæды астæу уæлдай бæрæгдæр дардта Алыксандр, фыццаджыдæр, йæ куыстуарзондзинадæй. Æнæнцой уыд иудадзыг дæр. Мæнмæ афтæ касти, æмæ ацы læппу бон нæ, фæлæ ма æхсæв бонмæ дæр, йæ царды фæндагæн цы нысан равзæрста, уым фæлвары йæхи. Цыфæнды хъуыддаг ын бабар кæн, цалынмæ-иу æй баххæст кодта, уæдмæ-иу йæхицæн æнцой не ссардтаид".

Тотраты Бесæ аргъ кæнын зыдта æцæг курдиатæн, æмæ Алыксандрмæ стыр сфæлдыстадон фидæн кæй æнхъæлмæ кæсы, уый йæ зæрдиагæй уырныдта. Фæлæ цæй цыбыр разынд йæ хæдхуыз аивады фæндаг, цæй бирæ бæллицтæ бамынæг сты йе ‘взонг цæхæр зæрдæйы æнафоны æвирхъау адзалы аххосæй. Уымæ гæсгæ, фидарæй зæгъæн ис: Алыксандры сценикон цард уыд сæууон стъалыйы ферттывдау ирд, дзæнхъа дурау, æрттивгæ, фæлæ цыбыр.

Цæрукъаты Алыксандр Ирон театры сценæйы цы сурæттæ сарæзта, уыдонæн сæ зынгæдæр уыд Токаты Асæхы пьесæ "Усгуртæ"-мæ гæсгæ æвæрд спектаклы бригадир Зауырбеджы сурæт. Ацы ролы тыххæй аивадиртасæг, наукæты кандидат Дауыраты Харитон йæ чиныг "Арвæрттывд"-ы бафиппайдта: "Ацы спектаклы Алыксандрæн ноджы тынгдæр раргом йæ курдиат лирикон рольтæ хъазынмæ".

Уый фæстæ ма Алыксандр ахъазыд бирæ рольты: Мавлен — Абдулла Каххары "Зæлдаг гауыз"-ы, Глостер — Шекспиры "Къарол Лир"-ы (ацы спектакль Мæскуыйы æвдыст æрцыд ирон аивады æмæ литературæйы декадæйы бонты дæр), Бестол æмæ Чермен — Плиты Грисы "Чермен"-ы æмæ бирæ æндæртæ.

Артист йе сфæлдыстадон тыхтыл никуы ауæрста. Удуæлдай æмæ уæлтых, иудадзыгдæр хиуыл куысты ныдæуы цыд иу сфæлдыстадон æнтыстæй иннæмæ. Уæдæ æппынæдзухдæр йæ хуыздæр хæлæрттæ уыдысты ирон, фæсарæйнаг, уырыссаг, советон аивадон литературæйы уацмыстæ. Бадгæ кодтаид, фæндагыл цыдаид — хæзнаты хæзна — чиныг — уыд кæддæриддæр йемæ.

Алыксандр канд курдиатджын артист нæ уыд, фæлæ ма ирон аив сценикон дзырды дæсны. Абон дæр нæ республикæйы паддзахадон радиойы æфснайд сты, нæ номдзыд артист йæ аив хъæлæсы ахорæнтæй кæй снывæзта, магнитофоны лентыл ныффыссыны размæ “гъæйтт, мардзæ” куыст кæуыл фæкодта, йæ хъæлæсы æрвон тыхы фæрцы дзæнхъа дурау кæй сæрттивын кодта,уыцы уацмыстæ: Къубалты Алыксандры кадæг "Æфхæрдты Хæсанæ", Хъуылаты Созырыхъойы кадæг "Кодзырты Таймураз", Плиты Грисы кадæг "Салдат". Ацы уацмыстæ дæр, Алыксандр сценикон аивады цы æнтыстытæ равдыста, уыдоны хуызæн сты нæ культурæйы æмæ аивады æвæджиуы хæзнатæ.

Мæнмæ гæсгæ, абоны онг Цæрукъаты Алыксандры курдиаты авналæнтæм бæстон каст æмæ йын йæ алы ролæн дæр аккаг аргъгонд нæма æрцыд. Уыцы хъуыддагыл чи бакуса, уый стыр хордзинад сараздзæн йæ дзыллæйæн æмæ аивадуарзджыты бирæ фæлтæртæн. Алыксандры тыххæй бирæ æрмæджытæ уыд нæ бæстæйы æмæ республикæйы газетты æмæ журналты. Сæ наукон бæстон иртасæнты Алыксандры курдиатыл фыстой зындгонд ирон аивадиртасджытæ Маринæ Литвиненко, Дауыраты Харитон, Бæциаты Агуыдз, Плиты Жаннæ. Уыдон сæвæрдтой фидар бындур, артисты курдиаты миниуджытæ иртасыны фæндагыл чи æрлæууа, уыцы æрыгон аивадиртасджытæн.

Номдзыд ирон артист Цæрукъаты Алыксандры тыххæй уæ размæ хæссæм йæ бинонтæй, йе ‘мкусджытæй, йæ хæлæрттæй цалдæры мысинæгтæ:

ЦÆРУКЪАТЫ Азæ, Алыксандры хо:

— Ме 'фсымæр Алыксандры зæххон цард тынг цыбыр уыд. Æдæппæт фæцард 39 азы. Фæлæ йын бантыст адæмы зæрдæты ирд æмæ рухс фæд ныууадзын. Æхсызгон мын у, кæд ме 'фсымæры æвирхъау адзалæй бирæ азтæ рацыд, уæддæр ын йæ рухс ном кæй нæ рох кæнынц нæ театры артистты, режиссерты хистæр фæлтæрæй УФ-йы сгуыхт артист Тлаттаты Бексолтан, РЦИ-Аланийы адæмон артисткæ Икъаты Бертæ, РЦИ-Аланийы аивæдты сгуыхт кусæг, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат, зындгонд режиссер Бекъойты Розæ, РЦИ-Аланийы адæмон артист, зындгонд диктор æмæ зарæггæнæг Мамсыраты Тасолтан, ЦИПУ-йы президент, академик Мæхæмæтты Ахуырбег. Æмæ ма бирæ æндæр зындгонд адæмтæ. Мæ сæрæй сын ныллæг кувын. Абон дæр мæ нæ рох кæны, Ирыстон ме 'дзард æфсымæры йæ фæстаг фæндагыл куы æрвыста, уæд цас æмæ цас дзыллæтæ æрбамбырд. Иу рæстæг сæм нæ мад Саучызг æнкъард цæстæй ракаст æмæ йæ хъæбулы табæтмæ ныхъхъарæг кодта: "Дзибокка, акæс-ма, дæ адзалыл цал æмæ цал адæймаджы зæрдæтæ риссынц. Æз дæ нырмæ мæхи хъæбул куы хуыдтон, ды та адæмы уарзон хъæбул куы уыдтæ!" Алыксандры курдиатæн аргъ кæнынц, ирон аивады æмæ журналистикæйы æнтыстджынæй чи архайы, уыцы æрыгон фæлтæртæ дæр. Уыдонæй сты РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусджытæ, ПТРК "Алани"-йы амонджытæ Лалыты Хъазыбег æмæ Налдыхъуаты Зæлинæ. Сæ эфиртæм гæнæн æмæ амалæй бахæссынц, Алыксандр йæ рæстæджы ирон фысджыты уацмыстæй кæй каст, уыдонæй аивдæр скъуыддзæгтæ. Йæ мысæн бонтæй иумæ йын бацæттæ кодтой сæрмагонд радиобакаст.

КОТОЛИТЫ Мария, номдзыд зарæггæнæг, ЦИАССР-йы адæмон æмæ УФ-йы сгуыхт артисткæ:

— Алыксандры базыдтон ивгъуыд æнусы фæндзайæм азты. Иу хæдзары цардыстæм, Дзæуджыхъæуы æфсæнвæндаджы раз стыр хæдзæрттæй иуы. Махимæ тынг лымæн уыд, уæлдай стыр аргъ ын кодта мæ цардæмбал, зындгонд артист, режиссер Цихиты Мæйырбег. Ирон театры фидыц æй хуыдта. Алыксандр-иу цы спектакльты хъазыд, уырдæм-иу анæацæугæ никуы фестæм. Дис кодтон йæ курдиатыл, адæймагдзинадыл æмæ æддаг бакастыл. Алцæмæй дæр æххæст уыд, фæлæ йын цард куы бантыстаид, уæд йæ ном, йæ курдиат Уæрæсейæ дæр ма дарддæр кæй анхъæвзтаид, уый дызæрдыггаг нæу. Алыксандры цард уыд цыбыр, фæлæ Бонвæрнон стъалыйау рухс, ирд æмæ тæмæнкалгæ...

ГÆЗДÆНТЫ Булат, номдзыд фæндырдзæгъдæг, дирижер, композитор, рухстауæг, РЦИ-Аланийы æмæ УФ-йы адæмон артист:

— Алыксандр ирон тетралон аивадæн уыд йæ фидыц, йæ кад æмæ намыс. Кæд ирон театры героиконромантикон сурæттæ аразæг артисттæ уыдис, уæд уыдонæн сæ зынгæдæр уыд Алыксандр. Æз кæддæриддæр уæлдай æхсызгондæрæй цыдтæн, Алыксандр кæм архайдта (фæнды — сæйраг ролы, фæнды — фæрсаг), уыцы спектакльтæ фенынмæ. Йæ алы роль дæр уыд ирд фæзынд ирон театралон аивады. Мæнмæ гæсгæ, Алыксандр ма куы рацардаид, уæд ын нæ театры Тæбæхсæуты Балойæ къаддæр кад нæ уыдаид... Фæлæ ма нæ бон у мысын, зæрдыл дарын, æмæ йæ мысдзыстæм. Ахæм артисты номæн рохгæнæн нæй...

Æрмæг бацæттæ кодта ГАСАНТЫ Валери

Ахсджиаг хъуыддаг

Сæ бæллиц — фыдæлты хæзнатæ бахъахъхъæнын

Æхсызгон та куыд нæ у, фæсивæд се 'ргом фылдæр ирондзинадмæ кæй аздæхтой, уый. Акæсут-ма, сæхи куыд аивæй æвдисынц, сæ уд куыд хъарынц ирон æвзагыл дзурынмæ, нæ фыдæлты рагон уадынгæрзтыл цæгъдынмæ æмæ сæхи къухæй аразынмæ, сæ уидæгтæ базонынмæ, цыллæ кæлмæрзæнтæ бийынмæ, кафынмæ, зарынмæ. Фæсивæды уыцы фæндагмæ чи здахы, алцы базонынæн æмæ нæ фыдæлты табуйæгтæ абоны царды рауадзынмæ сын уавæртæ чи аразы, уыцы хистæртæ та сты арфæйаг хæрзгæнджытæ.

Цалдæр азы мæ хъус дарын РЦИ-Аланийы æхсæнадон змæлд "Иудзинад"-ы архайдмæ. Æрæджы дæр та æвдисæн уыдтæн сæ радон хорздзинады хъуыддагæн. Æхсæнады уæнгты бафæндыд, цæмæй сын Марковы уынджы "Амыран"-ы бæстыхайы цы сфæлдыстадон къордтæ ис, уыдоны архайджытæ кæрæдзи хæстæгдæр базоной. Уый фæдыл сарæзтой зæрдæмæдзæугæ сфæлдыстадон изæр.

Æхсæнадон змæлды хъæппæрисæй "Амыран"-ы ис: зæлдаг хæрдгæбыдгæнджыты къорд (йæ разамонæг — Цоколаты Катеринæ), далафæндырыл цæгъдджыты къорд (йæ разамонæг — Дзидаханты Къоста), рагон ирон уадынгæрзтæ арасджыты къорд (йæ разамонæг — Илаты Тимур), ирон кафджыты къорд (йæ разамонæг — Тотойты Валери), куклатæ арасджыты къорд (йæ разамонæг Таутиаты Азæ). Къордты архайджыты ранымад дæсныйæдтыл ахуыр кæнынц лæвар. Республикæйы цæрджытæй алкæй бон дæр у æрбацæуын æмæ, йæ зæрдæ кæцы къордмæ зæгъы, уырдæм йæхи ныффыссын. Бæстыхайы дуæрттæ алкæмæн дæр сты гом.

Сфæлдыстадон изæры архайдтой æхсæнадон змæлды традицион конкурс-æркаст "Ирон дæн æз"-ы алы азты уæлахиздзаутæ сæ ахуыргæнджытимæ, "Иудзинад"-ы хæлæрттæ æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæрттæ. Къордты архайджытæ уазджытæн равдыстой сæ арæхстдзинад, ацы бæстыхайы сæ цæуыл сахуыр кодтой, уый. Цымыдисаг рауадысты хиконд куклаты равдыст æмæ, чызджыты уæхсчытыл цы аив цыллæ кæлмæрзæнтæ уыд, сæхи къухтæй кæй сбыдтой, уыдон. Зæрдæ сæ уындæй рад æмæ байдзаг арф æнкъарæнтæй.

Ацы хорздзинадæн бындур бавæрдта "Иудзинад"-ы уæнг Мæрзойты Тамерлан. Хъуыддаг сырæзт, йæ алыварс цы хъæппæрисджын иузæрдион хæлæрттæ æрбамбырд, уыдоны фарнæй. Бæрæгбоны кадджын уазджытæ РЦИ-Аланийы адæмон артист, Цæгат Ирыстоны радио æмæ телеуынынады фыццаг диктор Мамсыраты Тасолтан æмæ поэт, журналист, РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг Къадзаты Станислав арфæтæ ракодтой фæсивæдæн, æмæ сæ уыцы фарны фæндагмæ чи аразы, уыцы хистæртæн.

— Дарддæр дæр нæ зæрды ис ацы хъуыддæгтыл дывæрæй кусын, — загъта Мæрзойты Тамерлан. — Нæ размæ цы хæстæ сæвæрдтам, уыдон сæхæст кæнынмæ нæ, фыццаджыдæр, хъæуы зæрдæйы фæндон, уымæй та змæлды уæнгтæй цух ничи у. Алкæй бæллиц дæр сæ у Ирыстоны рухс фидæн, нæ фыдæлты хæзнатæ бахъахъхъæнын, нæ кæстæрты рæсугъд, æнæрæдыд æмæ раст фæндæгтæм здахын, амынддзинæдтæ сын дæттын. Уый фæдыл кæстæртимæ арæх "Амыран"-ы вæййы тематикон изæртæ, фембæлдтытæ дæр.

Ацы фарны бынат уарзон у фæсивæдæн. Бинонтау æрбамбырд вæййынц, иу та сæ кæны "Иудзинад"! Уæвгæ, иудзинад кæм нæй, уым кæрдæг дæр нæ зайы.

ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

Алфамбылай ærдз

Назбæлæсты плантаци

Хихджын бæлæсты мыггаг кæм байтаудзысты, Цæгат Ирыстоны Æрдзон авналæнтæ æмæ экологийы министрады зæрды ис ацы аз арæзт хъæды питомничы территорийыл назбæлæсты плантацитæн ахæм сæрмагонд фæзуат рахай кæнын.

5-7 азы фæстæ назтæ 1-1,5 метры бæрзæндмæ куы сырæзой, уæд сæ сæрмагонд фæткмæ гæсгæ калын райдайдзысты.

— Ног азы агъоммæ нæ республикæйы кæй уæй кæнынц, уыцы хихджын бæлæстæ нæм æрбафтынц æндæр регионтæй. Хæстæгдæр хъæдмæ ногазон назбæлас акалынмæ адæм нал цæуынц. Ныртæккæ æппæт дунейы ацы бæлæстæ æрзайын кæнынц сæрмагонд плантациты. Назтæ акалынц бæлвырд фæткмæ гæсгæ. Бæлæстæй иуты арвитынц базарадмæ, иннæты та дарддæр рæзынæн нынуадзынц. Плантацийы фæзындимæ нæм хи рæсугъд ногазон назтæ зайын кæй райдайдзысты, ууыл зæрдæ дарын, — загъта ведомствойы разамонæг Мамиаты Чермен.

Ацы аз кæй сарæзтой æмæ бæлæстæ зайын кæныны нырыккон технологитæй пайдакæнынадимæ плантаци кæм фæзындзæн, хъæды уыцы питомник уыдзæн регионы æппæтæй егъаудæр.

Нæ уацхæссæг

Газеткæсджыты сфæлдыстад

ДЗЫТИАТЫ Лактемыр

Цомартаты Афæхъойы зарæг

Заманхъулы бæрзæндтæ дардмæ фæлгæсынц,
Йæ сойджын быдыртæ — бæркадджын, уæрæх!..
Немыцаг тугдзыхтæ — сау мæлæт куы хæссынц,
Куы сиды йæ хъæбултæм райгуырæн зæхх!..

Лæбурдта-иу размæ лæгæвзарæн тохы
Цомартаты сахъгуырд, хъæбатыр кæстæр!..
Ды махæй нæ уыдзынæ никæдбон рохы,
Бæрзонд дæ хæсдзыстæм, Афæхъо, нæ сæр!..

Уæлахизæй хæстæй фæстæмæ цыдысты,
Фашистон сау Рейхыл æндзаргæ цъæх арт!..
Фæстæмæ ног алчи æрлæууы йæ куысты,
Æрхастой уæлахиз, сæрибары цард!..

Кавцинк дæр та ногæй фæстæмæ æркуыста,
Уым ерысæй сцырен хъазуатон фæллой!..
Арф батылдта ногæй Афæхъо йæ дыстæ,
"Фæллойы хъæбатыр", дард айхъуыст йæ кой!..

Дæ рухс ном, фæллой æмæ хæсты хъæбатыр,
Нæ зæрдæты, зон, уый мыггагмæ цæрдзæн!..
Дæ зарæг, дæ кадæг, нæ Иры бæгъатыр,
Фæлтæрæй-фæлтæрмæ æнусты нæрдзæн!..

22.11. 2015 аз

Гæздæнты Булатæн

Авдæнæй нын саби
Рахызти Гæздæнтæм!..
Уый куырыхон баци,
Йе 'нусмæ фæхæстæг!..

Фæндырæй, Булатау,
Чи цæгъды Кавказы?!.
Йе 'нгуылдзтæй æнæвгъау,
Амонæнтыл хъазы!..

Цал фæндырдзæгъдæджы
Рацыдис дæ къухтæй?!.
Цал зарæггæнæджы
Батавтай дæ хуртæй?!.

Цæр, Булат Гæздæнты,
Мах фæндиаг 'нустæм!..
Уаз фæндыры зæлтæй,
Арфæтæм куыд хъусæм!..

НОГЪАЙТЫ Хазби

Зымæг

Тынг фæдымдта уад-дымгæ,
Нал дæр кодта хъус.
Арвæй хауди пакъуытæ,
Зæххы цъар ныуурс.

Арв, цыма, бынмæ ныкъкъæпп,
Уыйау бон нæ саст.
Мигъты 'хсæнæй хуры тæпп
Уазал цæстæй каст.

Цъиуты змæлд уыд хæмпæлты,
Басырдта сæ хъызт.
Сабитæн та хæдзæртты
Бадын уыд сæ тыхст.

Уыдоны цы уромы,
Уард митмæ тындзынц,
Дзоныгътæй сæ хъугомы
Къуыбырæй бырынц.

Цъиутæ дæр куы дариккой
Хъарм дзабыртæ, кæрц,
Зымæджы уæд уарзиккой
Сывæллæтты бæрц.

ХÆДЗАРÆГАТЫ Аслан

***

Хурты хурзæрин, æртхурон !
Хорзæхтæ дæ æз æркурон...
Дугæй-дугмæ цард æрдзон
Йе 'гъдауыл цæуæд бæстон.

Ратт нæлгоймагæн бæрзонд уаг,
Хорзæхтæй йæ уд æххæст дзаг...
Уæд сæрибарыл йæ тох,
Фесæфæд бынтон фыдох!

Равзæрæд фæтæг нæ бæсты,
Кадджын, ахадгæ нæ цæсты.
Ос-Бæгъатырау ныфсджын,
Хетæджы фыртау цытджын!

Уарзт сылгоймагыл æнцайæд,
Хуры хай йæхи нымайæд...
Уæд фæлмæндзинады 'хсин,
Нарты къæбицæн æфсин!

Ратт фæсивæдæн тырыса,
Рухсмæ цæуын сын æнтыса...
Æгъдау, æфсармы хорзыл хæст,
Зондахастæй иуыл рæзт...

Хиз нæ сабиты цæлхдуртæй,
Арв сæ сæрмæ ирд æдзухæй...
Уарзæд бæстæйы зæрдиаг,
Рæзæд мадæлты фæндиаг!

Не 'взаг хызт цæуæд æфхæрдæй,
Науæд сæфт кæнæм æвæдæй...
Гоби адæмхаттæн нæй
Дунейы цæрын фæрнæй...

Фарн уæд узæлæд нæ Ирыл,
Куыст дысфæлдæхтæй йæ циныл!
Цард цæджджинагау фыцæд,
Иры хъахъхъæнæд йæ зæд...

ХЪАЙТЫХЪТЫ Римæ

Æрцæуы та нæм Ног аз

Ног аз ног хæрзтæ
'Рхæссæд,
Ног хатт нæм Хуыцау
'Ркæсæд, —
Равзара та уый
Алцы.
Лæгтыдзуар, 'ртæх нæм
Балцы!
Сараз байрагæй
Дугъон,
Хорз лæппуйæ та —
Зиууон.
Дæуæй, Уацилла,
— Бур хор,
Стæй нын алы хатт —
Хурбон!

Хорз тыллæгæн нын —
Уарын —
Нæ бæркад фынгтыл —
Зарын!
Ратт нын, Фæлвæра,
Нард фос,
'Фсатийы сырдтæй —
Цардхос!
'Ркалæд сау хæхтæй
'Хсæрдзæн...
Ма халут йæ фæтк
Æрдзæн:
Мауал нæм уæд, ма,
Хæлæг —
Алчи кадыл уæд
Мæлæг!..

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

Кад æмæ намыс — мадæн!

Ныййарæг мады хæрзтæ дæрдтыл сты, зæхх йæ къухты рæвдыдæй бæркад дæтты, цард йæ фидар зонды фæрцы хорзæхджын кæны. Мад йæ хъæбулты амондæй амондджын у, риуыдзагæй æнцонæй улæфы.

Æвæццæгæн, ахæм адæймаг нæ уыдзæн, мады ном фехъусгæйæ йæ цæсгом кæмæн нæ фæрухсдæр уа, йæ зæрдæйыуаг хурварс кæмæн нæ абады, æхцон æнкъарæнтæ циндзинад кæмæн не 'рхæссынц.

Ницавæр бæрцбарæнтæй сбарæн ис мады цин, катай, мæт, сагъæс, рæвдыддзинад! Мады цæстæнгас дæ куыд батава, йæ мидбылхудт дæ куыд барæвдауа, афтæ ничи. Уымæн æмæ Мад у царддæттæг, къонайы цырагъдар, зæххыл цæугæ Мады-Майрæм, сывæллоны цин æмæ уарзты суадон. Сылгоймаг, ныййарæг мады фарн — кæлмæрзæн сты дыууæ тудджыны фыдохы мæлæтæй бауромæг. Сылгоймаджы кад æмæ намысæн кадгæнгæйæ слæууынц нæ куырыхон хистæртæ. Дунескæнæг нæлгоймагæн сылгоймаджы куы сфæлдыста, уæдæй абонмæ сылыстæг у йæ сæры хицауæн сæууон хурау худæндзаст хæрзгæнæг. Нæлгоймаджы цардмæ разæнгардгæнæг бардуаг, кувæндон æмæ аргъуан. Ныййарæг мады кад бæрзонд систой, уæлмонц, мидисджын ныхæстæ загътой дунейы дзырдаивады зæрингуырдтæ — фысджытæ, поэттæ, нывгæнджытæ, композитортæ, зарæггæнджытæ.

Нæ хурты-хур Къостайы "А-лол-лай"-ы заргæйæ нын алкæмæндæр нæ мад нæ авдæн куыд уызта, уый ма æрымысæм:

Къух дæ аузын фæразы...
Мæй дæ авдæнимæ хъазы.
Стыр лæг мын ысуай!..
А-лол-лай!..

Кæнæ Цæгæраты Гигойы ныхæстæ:

Мады кастæй цъититæ дæр тайынц,
Уый къахвæдтыл дидинджытæ дæр зайы,
Мадæн макуы скъах йæ зæрдæ,
Зон æй: уым дæхæдæг дæр æвæрд дæ.

Зындгонд ромаг Марк Туллий Цицерон йæ фæстагæттæн фæдзæхста: **"Ныййарджытæм уарзондзинад у æппæт хорздзинæдты бындур".**

Номдзыд францаг фыссæг Пьер Беранже дзырдта: **"Мады зæрдæ у æвидигæ суадон. Мады рæвдыд у уалдзыгон хурау, йæ хъæлæс та Уæлахизы тырысайы хуызæн, кæцы нын дæтты ныфс, нæ царды фæндæгтыл цæугæйæ".**

Стыр гуманист Максим Горький Мады тыххæй загъта: **"Мады фæлгонц, йæ уаз ном æдзух сты нæ хъахъхъæнæг, нæ сæууон стъалытæ. Дунейы æппæт сæрыстырдзинад дæр мадæлтæй цæуы. Æнæ хур дидинджытæ нæ райхæлынц, æнæ уарзондзинад амонд нæй, æнæ мад — сылгоймаг, уарзондзинад нæй, æнæ мад нæй нæдæр поэт, нæдæр хъайтар. Кад æмæ намыс Мадæн!**

Дзæнæты бадинаг Джыккайты Шамил ныййарæг мады барста Хуыцауы лæвар, зæд цоты бардуагыл:

Дæ уарзт — æвдадз, дæ рæсугъддзинад — цин,
Цы скодта æрдз, ды уыдонæн сæ уаз дæр?
Дæуæн куывтой уæларвон зæдтæй раздæр,
Дæуæн нымдæй табу кæнын — мæ дин.

Ирон адæмыхатт, зæхххыл куы фæзынд, уæдæй фæстæмæ Ирон ныййарæг мад мин-мин азы дæргъы цы бирæ зындзинæдтæ, хъизæмæрттæ бавзæрста, уыдон Дунескæнæг Хуыцау йеддæмæ ничи зоны. Тлаттаты Чермены, Алыккаты Хазбийы, Коцты Бегайы, Дриаты Антъоны, Гаглойты Рутены, Къостайы, Васойы, Секъайы, Арсены, Малиты Георгийы, Нигеры, Цомахъы, Иссæйы, Арсены, Габойы, Хаджийы, Цæголты Кимы, Елбыздыхъойы, Балойы, Вероникæйы, Гергиты Валерийы æмæ иннæ номдзыд хъæбулты чи ныййардта, уыцы фæрнджын мадæлтæн зæдты æмсæр кад ис æмæ махæн, сæ фæдонтæн дæр, хъуамæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ табуйаг уой.

Уæвгæйæ та чи банымайдзæн Ирон мады бирæ фыдæбæттæ?! Тæтæр-мангол нын нæ рагфыдæлты — алайнæгты хæхты нарджытæм куы батардтой, нæ фыдæлты уидаг сыскъуынынæй нын тæссаг куы уыдис, уæд уыцы уæззау рæстæг стыр æгъдау, æхсар, хъæбатырдзинад равдыстой нæ цытджын, намысджын ирон мадæлтæ. Уæззау уавæрты сæхæдæг æххормаг æмæ бирæ æнæхуыссæг æхсæвтæ æрвитгæйæ, хъомыл кодтой дæсгай, фынддæсгай æмæ уымæй фылдæр сывæллæттæ. Уый фæрцы нæ фесæфт Аланыстон, нæ ирон туг, нæ Иры фарн, нæ фыдæлты ном æмæ кад. Уыцы хъæбатыр мадæлтæн мах хъуамæ не 'ппæт дæр нæ сæртæй ныллæг кувæм. Уыдон се 'гас дæр сты кады, зарджыты аккаг.

Дæлдæр æрхæсдзынæн бирæсывæллонджын ныййарджытæй иу къорды нæмттæ: Хъæдгæроны хъæуæй Заойты Дзиба æмæ Хестанты Артауыс схъомыл кодтой 19 лæппуйы æмæ 1 чызг. Дыгургомы, Стыр Дыгуры хъæуæй Хъодзасты План йæ удыхай Гæцыты Сурæтæн сывæллæтты бардуаг балæвар кодта 10 лæппуйы æмæ æртæ чызджы. Æфсымæртæй фондзæй ацыдысты Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ, цыппарæй баззадысты тохы быдыры, иу ма дзы æрыздæхт. Хуссар Ирыстоны, Уехергомы, Уæллаг Уехеры хъæуæй Дзебысаты Тузары фондз фыртæй дыууæйæ æмæ æртæ æфсымæры хъæбултæ астæй фæцыдысты Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ. Дæс æфсымæрæй фондзæй баззадысты хæсты арты цæхæры. Фондзæй æрыздæхтысты сахъæттæй. Дæллаг Уехеры хъæуæй Гуылæрты Мишо æмæ Пагæты Мартайæн уыд æхсæз гуыппырсар фырты æмæ æртæ чызджы. Лæппутæй æртæ — Иликъо, Ладо æмæ Тисо архайдтой Фыдыбæстæйы Стыр хæсты. Ладо баззад хæсты, Иликъо æмæ Тисо æрыздæхтысты уæлахизæй, нæмыгдзæф-сахъæттæй. Бруты хъæуæй Санаты Дзиуæн йæ дыууæ цардæмбалæй, Рубиан æмæ Хъуысаонæй уыд 14 сывæллоны. Лæппутæй æхсæз уыдысты тохы арты, æхсæзæй дæр — тæхджытæ.

Алы фронтты уæлдæфон хæсты фюреры æфсæн хъæрццыгъатæн тугуарæн кодтой, фæлæ сæхæдæг дæр æвыдæй нæ баззадысты — æхсæзæй дæр нæ бæстæйы сæрвæлтау радтой сæ цард. Ломисгомы цæрæг Чсиаты Митъро æмæ Гуырцъыты Бабу схъомыл кодтой 14 хъæбулы, 13 лæппуйы æмæ 1 чызджы. Зæнæджы хистæр Цуцка баззад Сталинграды судзгæ цæхæры. Хъуды комы Уæллаг Ганисы хъæуккаг Хъабанты Арам йæ царды хур Гæдиаты Нинæимæ схъомыл кодтой 13 сывæллоны — 8 лæппуйы æмæ 5 чызджы. Уыцы хъæуæй Рубайты Уасо æмæ Хуыбиаты Надяйы зæрдæхъыджы нæ бацыд сывæллæтты зæд, балæвар сын кодта 3 лæппуйы æмæ 6 чызджы.

Тарскæйыхъæуæй Тъехты Соскъо æмæ Биазырты Екатеринæ цот кæнынмæ фесгуыхтысты — 24 хъæбулы, æфсæддон æгъдауæй æнæхъæн ротæ. Тъехты фæрнджын мад æмæ фыдæй бирæ фæстæдæр нæ баззадысты Дыгургомы Мастинокæйы табуйаг хъæуæй Аркъауты Барæтискæ йæ удыхай Гуæсæдæимæ схъомыл кодтой 22 сывæллоны. Уæллаг комы зæдтæ æмæ дзуæрттæ сæ хорзæх радтой Дымты хъæуккаг Икъаты Данел æмæ Василисæйæн — 13 хъæбулæй, Гæлиаты хъæуæй Годызты Никъала æмæ Ципыркæйæн — 11 хъæбулæй, Дымты хъæуæй Цопанты Афæхъо æмæ Хъыбызон Бахайæн — 23 сывæллонæй.

Дурджын бæрзондæй æртæ бæлоны ратахти æмæ фæрнджын хъæубæстæ Заманхъулы сæрмæ æртæ зылды æркодтой æмæ цардамонды уацхæссæгæй æртæ хæдзары сæр æрбадтысты æмæ сын хурты хуры хуызæн цот балæвар кодтой: Челдыты Граф æмæ Надяйы 7 лæппу æмæ цыппар чызджы, Бæцæзаты Майор æмæ Асиаты 10 хъæбулы, Таутиаты Хъазыбег æмæ Гæлуаты Бабуцайы 3 фырты æмæ фондз чызджы Дунескæнæгыл бафæдзæхстой.

Хорз уаид, æмæ нæ абоны чындзытæ дæр куы бафæзмиккой нæ уыцы фæрнджын ныййарджыты æмæ фылдæр цот куы кæниккой.

ГУЫЛÆРТЫ Барис,
"Рæстдзинад"-ы
æхсæнадон уацхæссæг

Цирчы аивады сгуыхт

Ирыстоны æмæ йæ æппæт бæстæтæ зонынц йæ хъæбысæйхæцджытæй, йæ аивад, йæ хæстон разамонджытæй æмæ цирчы йæ цалдæр бæхджын къорды фæрцы. Ирыстоны цирчы бæхыл бадыны дæсныйад райдыдта фыдæлтæй. Уæлдай тынгдæр стъалыйау сæрттывта Гуццаты Куыцийы фырт Агуыбе, йæ бæхы зилгæ бæндæны хуылфы æнæ андзæвгæйæ тæхын кодта. Уый фæстæта — Хъантемыратæ, Тугъанатæ æнæхъæн зæхххы къорийыл æрзылдысты советон циркимæ. Æмæ дзы алы бæстæйы уæлдай къухæмдзæгъд кодтой ирон бæхылбадджытæн. Уыдонимæ уыдысты джызæйлаг æрыгон læппутæ дæр: Хъаныхъуаты Тамерлан, Къубалты Валерик, Æлдаттаты Валерик, Милдзыхты Казик, Хæдзарæгаты Таму, Торчынты Мухтар, Цæлыккаты Сослан, Пагæты Алик, Хадыхъаты Хетæг, Гуытъиаты Ацæмæз æмæ Къæлхидты Алыксандр.

Сæрмагондæй мæ зæгъын фæнды Къæлхидты Сослæнбеджы фырт Алыксандры тыххæй. Уый райгуырд æмæ схъомыл Джызæлы. Астæуккаг ахуырад райста 1-æм скъолайы. Йæ ахуыргæнджытæ Гуыдиаты Бухар æмæ Сланты Доттанмæ фарст куы радтон, Алыксандр, куыд уæ ахуырдзау, афтæ уæ зæрдыл куыдæй лæууы, зæгъгæ, уæд дзы тынг феппæлыдысты. Бухар загъта: "Алыксандр æмдзæвгæтæ дæр хорз фыста, æмæ æнхъæл уыдтæн хорз поэт дзы, зæгъын, рауайдзæн".

Доттан та афтæ радзырдта: "Алыксандр уыд не скъолайы кад хъахъхъæнæг. Цавæрфæнды спорты хуызы йæ бафæлвар — æнæмæнг-иу нын нæ зæрдæ барухс кодта. Уыд бирæвæрсыг спортуарзаг ахуырдзау. Амонджын сты Сослæнбег æмæ Голлоты Маря, ахæм фырт кæмæн ис".

Алыксандры тынг фæндыд артист суæвын, уæлдай тынгдæр æй йæхимæ æлвæста цирк. Иуæй бирæ уарзта бæхты, иннæмæй йæ буар агуырдта гимнастикæйы алыхуызон змæлд, акробатикæ, турник, аив гимнастикæ æмæ афтæ дарддæр. Йæ сæйраг бæллиц уыд йæ Ирыстонæн кадгæнæг æвæбул суæвын. Уый та, фæхæцæг кæуыл нæ уа, уымæн зынтæй æфты йæ къухы. Зивæг нæ зонгæйæ, Алыксандр йæ æрыгон цард райдыдта Советон Цæдисы цирчы Тугъанаты къорд. Æрыгон læппуйыл уайтагъд сæ цæст æрæвæрдтой. Зындарæн у фос, уæлдайдæр та — бæх. Алыксандр сарæхст алы куыстмæ дæр, æмæ йæ канд цирчы кусджытæ нæ, фæлæ ма йæ бæхтæ дæр уарзтой æмæ йæм хъуыстой.

Афæдз нæма рацыд, афтæ Алыксандр фæлтæрдджынты æмрæнхъ архайын райдыдта къордимæ. Æрхъуыды кодта иуцалдæр трюкы, адæмы зæрдæмæ тынг чи фæцыд, ахæмтæ — дæргъвæтин къухæмдзæгъды аккаг.

Алыксандр куыста цирчы бæхылбадджыты разамонæг Уарзиаты Керыммæ берейтер — барджыты тренерæй. Чысыл уæгъд рæстæджыты арæзта, бæхæн дзаума цыдæриддæр ис, уыдон. Уыцы куысты йын æмбал нæ уыд, ахæм дæсны уыд. Сарæзта, дунейы чи нама уыд, ахæм бæхы сæргътæ. Сæ фыццаг "Седло для лечения серебряного паралича". Æрдæгкондæй баззад йæ иннæ саргъ "Лечебное охотничье седло". Фæхæцæг куы нæ вæййы ахæм æрдзæй лæвæрд адæймагыл, уæд мынæг кæны йæ куыст, йæ зæрдæргъæвддзинад. Æххуысгæнæг ын куы уаид, уæд ахæм сæргътæ кæнид рынчын рæзгæ фæлтæрæн, цæмæй се 'нæниздзинад хуыздæр кæна.

Алыксандр йæхæдæг бирæтæн бахъуыс кодта: Дзиуаты Анатолийæн, Бердиаты Валериккæн æмæ иннæтæн, бæхтимæ чи архайдта, уыдонæн. Уæдæ ирон цирчы фæсивæд кæмдæриддæр киноты архайдтой, сæ тæккæ цырены уыд Алыксандр. Уататы Бибоимæ архайдта киноныв "Теплые ветры древних Булгар"-ы. Кæуылты сты уыцы æппæт киноныв тæ, Алыксандр кæм архайы: "Али-Баба и сорок разбойников", "Не бойся, я с тобой", "Чингизхан", "Горячая точка", "Убойная сила", "Одинадцать писем Богу".

Бирæ йæ уарзта йæ зæрдæхæлары тыххæй цирчы æмæ кинойы зындгонд артист Юрий Никулин. Уый руаджы сси, цы бæллицмæ бæллыд, уый — "Артист высшей категории". "Соловей" та йæ рахуыдтой, мæргъты хъæлæстæй кæй зары, æхситтæй сæ кæй фæзмы, уый тыххæй. Йæ булæмæргъ хъæлæс дисы æфтауы ныр дæр адæмы. Къæлхидты Алыксандр ныртæккæ кусы, республикæйы мидхъуыддæгты министр Скоков цы бæхджын пъæлицæйæгты къорд сарæзта, уыдонимæ æмæ тынг райгонд у министрæй.

Мæ уацхъуыды кæрон сидын, нæ Ирыстон йæ кадгæнæг адæмыл æддæмæ нæ, фæлæ мидæмæ куыд хæца, уыцы амонд нæм цæмæй ныффидар уа, уымæ.

УÆЛЫГÆСТЫ Саркис,
педагогон куысты ветеран

Спортивон фидиуæг

Разы сты сæ афæдзы фæллæйттæй

Ног азы къæсæрыл царды алы къабазы кусджытæ дæр афæлгæсынц сæ афæдзы фæллæйттыл. Куыд æмæ цаварæ æныстдзинæдтæ бафтыд сæ къухы? Цы нæ бантыст скæнын сæ размæвæрд хæстæй? Цы бакæнын хъæудзæн иннæ аз, цæмæй сæ къухы бафта бæллиццаг нысантæ?

Ахæм афæлгæст саразынц спортивон къабазы кусджытæ дæр. Спорты алы хуызтæй дæр сæ сæргъæуджытæ, тренертæ æмæ спортсментæ сæхæдæг аргъ скæнынц, афæдзы дæргъы сын цы бантыст, уымæн.

Олимпаг спорты хуызтæй ивгъуыд аз нæ республикæйы спортсментæ стыр ерысты æппæты фылдæр архайдтой уæгъдибар хъæбысхæст æмæ дзюдойæ. Цы аргъ скæнæн ис нæ спортсменты фæллæйттæн спорты уыцы хуызты?

Уæгъдибар хъæбысхæстæй ирыстойнаг богæлттæ афæдзы дæргъы сæхи куыд равдыстой, уый тыххæй Цæгат Ирыстоны иугонд командæйы сæйраг тренер **Гозымты Хетæг** зæгъы: "Æмткæй райсгæйæ, нæ афæдзы куыст мæгуырау нæ рауад. Цæуыл бацин кæнæм, уый нæм ис. Зæгъæм, Уæрæсейы чемпионаты нæ læппутæ æртæйæ систы чемпионтæ, иу дзы бацахста 2-аг бынат, дыууæйæ та рамбылдтой 3-аг бынæттæ. Уæрæсейы чемпионы нæмттæ рамбылдтой **Гогаты Алан** (65 кг), **Цæболты Хетæг** (74 кг) æмæ **Уалыты Владислав** (86 кг). Æвзист майданæй хорзæхджын ссис **Байцаты Владислав**, 3-аг бынæттæ та бацахстой **Байаты Давид** (70 кг) æмæ **Зассеты Алан**. Фæстæдæр Цæболты Хетæг дунеон чемпионаты бацахста 2-аг бынат. Гогаты Алан æмæ Уалыты Владислав та рацыдысты 3-аг бынатмæ. Нæ зæрдæ нын барухс кодтой нæ кæстæр фæсивæд дæр. Уæрæсейы, Европæйы æмæ дунейы чемпионтæ сæ карæнты 'хсæн систы **Хостыхъоты Арсæмæг**, **Байаты Давид** æмæ **Найфонты Артур**. Уымæй уæлдай ма нæ иннæ богæлттæ къордæй æнтыстджынæй архайдтой цалдæр Æппæтдунеон ерысты.

Кæд ацы аз нæ богæлттæй дунейы чемпион суæвын никæмæн бантыст, уæддæр нæ ныфс ис, нæ кæстæртæн ног азы сæ архайд бæркадджындæр кæй рауайдзæн, уымæй. Ныр дæр нæхи цæттæ кæнæм январы Красноярскы дунеон турнир Гран-при "Иван Ярыгин"-мæ. Уыцы ерысты бæрæггæнæнтæм гæсгæ арæзт æрцæудзысты, Уæрæсейы иугонд командæйы Европæйы чемпионат æмæ Дунеон Кубок рамбулыныл ерысты чи хæцдзæн, уыдоны номхыгъдтæ. Красноярскмæ мах аласдзыстæм 15 богалы æмæ нæ зæрдæ дарæм, хорз бæрæггæнæнтæ кæй равдисдзыстæм, ууыл. Тынг нæ фæнды Ног азы нæ иузæрдион фарсхæцджыты зæрдæтæ ноджы стырдæр уæлахизтæй барухс кæнын æмæ уымæ тырндзыстæм. Ног азы хорзæх уæ уæд, нæ уарзон Ирыстоны цæрджытæ!"

Æнтыстджынæй архайдтой афæдзы дæргъы нæ дзюдоисттæ дæр. Уый тыххæй нæ республикæйы иугонд командæйы сæйраг тренер **Беккуызарты Алик** радзырдта: "Мах разы стæм нæ афæдзы фæллæйттæй, фыццаджыдæр, уымæн, æмæ нæ фæсивæд сæхи равдыстой хъомысджынæй къорд бæрнон ерысы. Ивгъуыд æнусы 90-æм азты Тменаты Тамерлан фæсивæды 'хсæн Европæ æмæ дунейы чемпион куы ссис, уæдæй абонмæ нæм йæ бафæзмæг нал уыд. Ацы аз уыцы æнтыст сæ къухы бафтыд нæ хъомылгæнинæгтæ **Толасты Инал** æмæ **Коцойты Зелимæн**.

Уыдонæй уæлдай ма Уæрæсейы æмæ Европæйы чемпионатты фæсивæды 'хсæн фесгуыхтысты **Таймазты Мæдинæ**, **Гæмосты Давид** æмæ **Годызты Руслан**. Фæсивæды 'хсæн (23 азы онг) ерысты Уæрæсæйы чемпионаты 2-аг бынæттæ бацахстой Годызты Русланæй фæстæмæ **Дзанайты Сослан**, **Олег Шевченко**, **Федор Целиди** æмæ **Икъаты Сослан**.

Хистæр спортсменты ерысты дæр нæ дзюдоисттæ дзыхъхъылæуд нæ уыдысты. **Елбачиты Георги**, кæд нырма æрыгон læппу у, уæддæр 73 кг онг уæзы Уæрæсейы чемпионаты бацахста 1-аг бынат. Афæдзы дæргъы дунеон бæрнон ерысты æнтыстджынæй архайдтой **Хуыбецты Алан, Læппынæгты Аслан** æмæ **Станислав Семенов**. Уырны нæ, Ног азы ерысты нæ дзюдоисттæн ноджы фылдæр сгуыхтдзинæдтæ кæй бантысдзæн, уый. Уымæн нæ хъомылгæнинæгтæ бындур бавæрдтой сæ ацы азы зæрдиаг куыстæй. Хуыцау зæгъæд, æмæ 2018 азы Ирыстоны дзюдойæ дунейы чемпионтæ куыд фæзына. Нæ республикæйы цæрджытæн нæ зæрдæ зæгъы Ног азыл зæрдæрайæ сæмбæлын, æмæ, Хуыцауæй цы хорздзинæдтæ курынц, уыдон сыл æрцæуæнт!"

БАСКАТЫ Уырызмæг

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

Нæ уавæртæ хуыздæрдæм ивынц

Мах газет "Рæстдзинад" уарзæм æмæ йæ зæрдиагæй кæсæм. Бирæ хабæрттæ дзы бакæсæм ивгъуыд æмæ абоны царды тыххæй. Стæм ас кары адæм. Бирæ хæттыты нæ фæндыд нæ хъæу Комсомольскы тыххæй уæм ныффыссын, фæлæ та-иу нын нæ бантыст.

Мах ацы хъæуы нæ райгуырдыстæм, фæлæ дзы æрцардыстæм 1957-58 азты. Хъæу стыр нæ уыд. Уыдис дзы 50-60 хæдзары. Раздæр æй хуыдтой "Дашкоф". Цыппаркъласон скъола дæр дзы уыдис кæйдæр хæдзары, амбулатори дæр — иу зæронд хæдзары. Нæ дзы уыд электрон рухс, дон хастам къанауæй, фæндаг дæр æм нæ уыд. Елхотмæ цыдыстæм хъæдрæбынты фистæгæй. Газеттæ æмæ нæм журналтæ хастой саргъы бæхæй. Хаста сæ Дриаты Резо.

Адæм фæстæдæр фæфылдæр сты, æмæ алы хæдзарæй дæр быдырмæ цыд 3-4 кусæджы. Сæ фылдæр — фæсивæд.

Фæстæдæр колхозæн радтой ном "Комсомолец". Колхозы сæрдарæй æвзæрст æрцыд Андиаты Батрадз. Фæзынд хæдзарады ног фермæтæ, тракторон стантæ, æмæ сабыргай нæ колхоз размæ рацыд. Раззагдæр кусджыты-иу бахастой республикæйы Кады фæйнæгмæ. Уыдонæй уыдысты Самты Беллæ, Битарты Заретæ, шофыртæ Быгъуылты Григори, Дзиуаты Хъазыбег æмæ иннæтæ. Механизатортæ кæй нæ фаг кодта, уымæ гæсгæ хæсты архайæг Гогосты Барис (Боркæ) ма йæ чызг Раисæйы дæр сахуыр кодта тракторыл кусын, æмæ куыста лæгты æмхуызон. Хъæуæн та радтой ног ном Комсомольск.

Бирæ азты хъæусоветы разамонæгæй фæкуыста дзæнæты бадинаг Хетъеты Петя. Арæзт нæм æрцыд авдазон скъола, ног амбулатори, рæвдауæндон, клуб, йæ разамонæг — Дзиуаты Хадизæт (Гадиго). Арæх-иу бацæттæ кодтам спектакльтæ дæр. Æнтыстджынæй нæм куыста кафджыты къорд. Концерттæ-иу арæх аластам фермæтæм бричкæйы хъæдрæбынты. Иухатт нæ бæхтæ фæтарстысты, æмæ чызджытæй иу рахаудис. Уый хъæуыхицау Хетъеты Петя куы фехъуыста, уæд загъта, æнæмæнг кæй бацархайдзæн, цæмæй фæндаг арæзт æрцæуа Комсомольскæй Елхотмæ. Æмæ йæ фæндон хъуыддагæй дæр æххæстгонд æрцыд.

Комсомольскæй Елхотмæ арæзт æрцыд ног фæндаг. Йæ фæйнæфæрсты ныссагътой æнгуз бæлæстæ. Уæдæ, фæндаг арæзт куы 'рцыд Елхотæй Комсомольскмæ, уæд та хъæуыхицау автобусыл бацархайдта. Уадз æмæ, дам, нæ скъоладзаутæй 7 кълассы каст чи фæвæййы, уый-иу йæ ахуыр дарддæр ахæццæ кæна. Æмæ нæм абон дæр Беслæнæй бон æртæ хатты цæуы автобус. Ахæм лæгæй лæг уыд зæгъын хъæуы, йæ хъæуы хорздзинадыл чи фæархайы.

Фæстæдæр нæ хъæуы Хуссар Ирыстонæй лыгъд адæмы куы æрцæрын кодтой, уæд цæрджыты нымæц æртæ хатты фæфылдæр. Æмæ нæм арæзт æрцыд дыууæуæладзыгон ног скъола.

Ис ма нæм, кæй зæгъын æй хъæуы, хъуагдзинæдтæ дæр: нуазыны дон хъæуы цæрджытæн нæ фаг кæны. Уынгты иухуызон нæ кæлы. Фæлæ нæ зæрдæ дарæм, фæстæдæр ацы хъуыддаг дæр кæй фæхуыздæр уыдзæн.

Махæн нæ фыстæг тынгдæр уый тыххæй у, æмæ, 45 азы размæ цы фæндаг скодтой, уый нал бæззыд, æмæ нæм-иу такситæ дæр цæуын нæ куымдтой. Ныр амæйразмæ нæ хъæумæ арæзт æрцыд асфальтæй æмбæрзт ног фæндаг, æмæ, уый кæй зонд уыдис, чи йыл бакуыста, уыдонæн зæгъæм стыр бузныг, сæ царды фæндæгтæ кæддæриддæр рæсугъд æмæ уæрæх уæнт, сæ бынæтты фæрнæй кусæнт, æмæ сæ адæмы хорзæх уæд!

КАСАТЫ Верæ æмæ БИТАРТЫ Катя, Комсомольскы хъæуы цæрджытæ

Æнæниздзинады къуым

Бæрæгбоны фынджы фæстæ уæ "тагъд æххуыс" ма бахъæуæд

Бæркадджын фынджы уæлхъус адæймаг цал хатты бада, уал хатты йæ хъуыддаг "тагъд æххуыс"-мæ не 'рхæццæ уыдзæн, кæй зæгъын æй хъæуы. Фæлæ бæрæгбоны дзадджын фынгтæ æнæниздзинад бахъыгдарой æмæ нын нæ бæрæгбон фехалой, уый сæ бон у.

Бæрæгбоны фынгыл кæй æрæвæрæм, уыдонæй уæлдай тæссаг сты, сæ хæрзхъæддзинад дызæрдыггаг кæмæн у, ахæм продукттæ кæнæ та уыдонæй конд хæринаг, хæринаг раст конд кæй не 'рцыд, уыцы хъуыддаг æмæ карз ног, уæлдайдæр та — йæ бæрц.

Бæрæгбоны бадты фæстæ адæймаг маргхъæстæ фæци, зæгъгæ, ахæм цаутæ иу æмæ дыууæ не 'рцæуы. Арæхдæр адæймаг маргхъæстæ фæвæййы, хæринаг раст конд кæй не 'рцыд кæнæ та, чи нæ бæззыд, ахæм продукттæй арæзт кæй æрцыд, уый аххосæй. Хæринæгтæй уæлдай тæссагдæр сты зокъотæ æмæ дзидзайæ хиконд консервтæ. Дзидза раст цæттæгонд куы не 'рцæуа, уæд дзы фæзыны, адæймаджы мæлæтдзаг уавæрмæ чи 'ркæны, ахæм маргхъæстæ бактеритæ. Уыдонæй иу расайы низ "ботулизм".

Æгæр бирæ хæрын пайда никуы уыд. Фынджы уæлхъус бадгæйæ йæхиуыл чи нæ бацауæрда, уымæн тæссаг у, йæ ахсæн куынæуал скуса, уымæй. Уый у тынг тæссаг уавæр, гуыбын рисын райдайы, ахсæн ныддымсы, гуыбын ныссур вæййы, адæймаг омгæ-калгæ фæвæййы, фæлæ йын уый фæстæ дæр нæ фенцондæр вæййы. Бирæ хæрд æмæ бирæ ног æркæнынц æндæр уæззау низмæ, медицинон æвзагыл уый хуыйны "синдром Мэллори-Вейса". Ласæггаг æмæ ахсæны 'хсæн цы сæтцъар ис, уый аскъуыдытæ вæййы, æмæ адæймаг туг омын райдайы. Иннæ тæссаг низ — "синдром Бурхаве". Ласæггагæн йæ къултæй иу аскъуыны, æмæ ахсæны туагдон æмæ ферменттæ риумæ бахауынц æмæ фехалынц улæфæнтæн сæхи æмæ, сæ алыварс цы цъар ис, уый дæр.

Уæдæ цавæр фынг фидауы æнæ ногтæй? Хъыгагæн, ницавæр. Ногтимæ баст сты æнæниздзинадæн зианхæссæг æртæ хъуыддаджы — ногтæн йæ бирæ бæрц, йæ хæрзхъæддзинад кæмæн нæ бæззы, ахæм цауд ногт æмæ, фæснозт дыккаг райсом адæймаг йæхи адзæбæх кæныны охыл ноджыдæр ма куы бануазы, уыцы хъуыддаг. Адæймаг бирæ куы бануазы, уæд уый аххосæй бахауы наркотикон комæйы æмæ ахæм уавæры мæлгæ дæр акæны, уымæн æмæ улæфын йæ бон нæ вæййы.

Бæзгæ чи нæ кæны, уыцы ногт хонынц "фальсификат". Æнæниздзинадæн уый хæссы стыр зиан, уымæн æмæ дзы цы метилы спъирт ис, уымæй адæймаг фæвæййы маргхъæстæ. Фæнды цауд хæринагæй, фæнды æвзæр ногтæй адæймаг маргхъæстæ куы фæуа, уæд æппæты фыццаг хъæуы уыцы марг организмæй æддæмæ ракæнын. Уый тыххæй хъæуы 0,5-1 литр хъарм дон бануазын, адæймаг цæмæй сома, афтæ. Уавæр куы нæ фæхуыздæр уа, уæд та æвæстиатæй фæдзурын хъæуы "тагъд æххуыс"-мæ.

Бæрæгбоны фынджы фæстæ дыккаг райсом адæймагæн йæ сæр куы рисса æмæ йæхи адзæбæх кæныны охыл та куы ануаза, уæд уым хорзмæ ма æнхъæлмæ кæс. Фæснозты уæззау уавæрæн йæ ныхмæ адæймаг цæмæй фидар фæлæууа, уый тыххæй ногтæн йæ кой дæр хъуамæ ма уа. Карз ног хос нæу, æмæ уæ организмæн зындзинæдтæ маугал æвзарын кæнут, фæлæ йæ улæфын бауадзут.

Уæхи хъахъхъæнут æмæ æнæниз ут.

ЦХУЫРБАТЫ Эллæ, Медицинон профилактикæйы республикон центры дохтыр-методист

Арфæтæ

КЪÆБЫСТЫ-ЗАССЕТЫ Маргойæн

Абон мæ фæнды, диссаджы хæрзуд адæймаг чи у, уый тыххæй ныффыссын. Зассеты Марго Къæбысты хæдзармæ куы æрбакъахдзæф кодта, уæд йемæ æрбахаста фарн æмæ амонд. Кæд йæ къай Левæ нæ мыггаджы хуыздæртæй иу уыдис, уæддæр ын хъысмæт бирæ цæрæнбон нæ радта, йæ цардæй раджы ахицæн. Марго йæхи фæцудын нæ бауагъта, зæрдиагæй дыууæ зæрондæн — йе 'фсин Оля æмæ йæ хицау Хазбийæн — кæронмæ фæлæггад кодта. Сæ ацыды фæстæ дæр сын сæ кæндтæ фæкодта.

Марго схъомыл кодта хорз цот — иу læппу æмæ дыууæ чызджы, сты фæзминаг кæстæртæ, равзæрстой ахуыры фæндаг.

Нæ дзæбæх Марго! Дæ læггадтæ нын бирæ сты. Ныр та мæ мæгуыр хо Маняйæн мадызæнæджы læггад кæныс, æмæ дæ хъæбулты хуртæй бафсæд! Дæ хæдзары куыстытæ фæуадзыс æмæ та мæ хойы уæлхъус хуынтимæ балæууыс. Ныртæккæйы уæззау царды уый бирæ цæуылдæрты дзурæг у. Алцыдæр ныййарджытæй цæуы.

Марго схъомыл Ногиры хорз ныййарджыты къухы. Зассеты мыггаджы фылдæр уæд дæу хуызæн хæрзæгъдау, кадджын сылгоймæгтæ. Бæркæдтæ æмæ амæндтæ дæ къæсæрæй хизæнт, æмæ дæ рæсугъд кæстæрты хуртæй бафсæд.

Зынаргъ "Рæстдзинад"-ы кусджытæ, сымахæн дæр мæ зæрдæ зæгъы æнæниз, æнæмаст цард. Ног, 2018 аз уыл дзæбæхæй æрцæуæд!

Тынг рагæй исын уæ газет, æмæ, хорз адæмы тыххæй куы бакæсын, уæд мын вæййы æнæкæрон æхсызгон.

КАСАТЫ-КЪÆБЫСТЫ Зæирæ

КЪАРДЖИАТЫ Темболаты фырт Æхсарбегæн

Мах, Дзæуджыхъæуы 3-æм абана "Свежесть"-ы кусджытæ, зæрдиаг арфæтæ кæнæм нæ разамонæг Къарджиаты Æхсарбегæн. Æрбацæуы нæм Ног, 2018 аз! Алчидæр, стæй алы бинонтæ дæр, бæрæгбоныл куыд хуыздæрæй сæмбæлæм, зæгъгæ, сæхи рæвдз кæнынц йе 'рбацыдмæ.

Æхсарбег, хуыздæр æмæ рæсугъддæр арфæтæ кæуыл æрцыдис, уый æмбал дæ Хуыцау бакæнæд! Алкæйы зæрдæмæ дæр фæндаг арыс, алкæмæн дæр дæ фæнды хорздзинад, адæмимæ цæрын зоныс, æмæ дын Дунесфæлдисæг Хуыцау æххуысгæнæг уæд! Æцæг ирон нæртон æгъдау æмæ фарн æхсæнадмæ хæссыс, æмæ дæ цæрæнбонтæ бирæ уæнт. Мах дæуæй стæм стыр бузныг æмæ зæрдæрухс. Æнæнизæй, буцæй фæцæр, дæ кæстæрты хуртæй бафсæд! Хуыцау дын ахæм арфæ ракæнæд, æмæ Ног азы стыр чындзæхсæвтæ дæ райдзаст хæдзары куыд фæкæнай!

Нæхи Æхсар, Ног азы хорзæх — дæ хай!

Бирæ дæ чи уарзы, уыцы æмкусджытæ

НОМЫРЫЛ БАКУЫСТОЙ:
Дзуапдæттæг редактор — **Баскаты Уырызмæг.**
Номырæн бæрнон — **Æлборты Дианæ.**
Компьютерон мыхуыр — **Цопанаты Эльмæ** æмæ **Кобесты Иветæ.**
Дизайн:
1-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн — **Сланты Мæдинæ;**
3-аг фарсæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ:
1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Хъыргъаты Анжелæ;**
3-аг фарсæн — **Айларты Эмилия;**
4-æм фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ.**

ГОДЫЗТЫ Никъалайы фырт Афайæн

28 декабры у йæ райгуырæн бон нæ уарзон, нæ буц хистæр Годызты Афайæн. Зæрдиаг арфæтæ йын кæнæм Ног азы бæрæгбоны фæдыл, уыимæ ма у йæ райгуырæн бон дæр!

Нæ зынаргъ, нæ куырыхон хистæр! Ды дæ нæ зондамонæг, нæ ныфсы мæсыг æмæ ма нын бирæ азты фæцæр æнæнизæй, æнæмастæй. Зæрдæрухс æмæ сæрбæрзонд у кæддæриддæр дæ дзæбæх, хæрзуд æмæ адæмуарзон кæстæртæй, мах та дын læггад кæнынхъом куыд уæм. Дæ зонд æмæ де 'гъдауæй хайджын куыд уæм, ахæм амонд Дунескæнæг Хуыцау балæвар кæнæд!

Зымæджы уазæлтты рухс дунемæ фæзындтæ, фæлæ дæ зæрдæ та у хъарм, фæлмæн, рæдау æмæ хæлар. Афтæмæй дыл алы аз дæр дæ райгуырæн бонтæ рæсугъдæй, фарн æмæ амондимæ цæуæнт!

Нæхи Афай! Læгты дзуары фæдзæхст у!

Ацы арфæтæ дын кæнынц де 'фсымæрты цот æмæ дæ хæræфырттæ

Барадон фæтк

Зæххы закъонæвæрынад фехæлдта

Дзæуджыхъæуы æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад "Кайзер"-ы артагæвгæнæн станцæйæ пайда кæныны рæстæг кæй æруагъдæуыд, Промышленнон районы прокуратурæ зæххы закъонæвæрынады домæнты ахæм хæлдтытæ рабæрæг кодта.

Прокуратурæйы кусджытæ куыд сбæлвырд кодтой, афтæмæй Чапаевы уынджы 8-æм бæстыхайы чи æрбынæттон æмæ 0,2741 гектары кæй фæзуат у, 2016 азы мартъийы горæты администрацийы уынаффæйæ амалхъом адæймагæн ахæм зæххы хай артагæвгæнæн станцæйæ пайда кæнынæн радтой.

Уæрæсейы Зæххы кодексы домæнтæ халгæйæ, фидаргонд фæткмæ гæсгæ зæххы хайæн исбоны бар регистрацигонд не 'рцыд. Хъалонфидджыты иумæйаг паддзахадон номхыгъды æмбæлгæ бæрæггæнæнтæ нæй. Уый нæ, фæлæ ма Паддзахадон регистрацийы, кадастр æмæ Картографийы федералон службæйы специалисттæ куыд рабæрæг кодтой, афтæмæй, кæмæй пайда кæнынц, уыцы зæххы хайы фæзуат læвæрд зæххы хайы фæзуатæй у 3310 квадратон метры фылдæр.

Прокуророн цæстдарды бæрæггæнæнтæм гæсгæ "Административон барадхæлдтыты тыххæй" кодексы 7.1 статьяйы ("Зæххы хай æвастæй бацахсын") амынд барадхæлд саразыны тыххæй ÆБÆ "Кайзер"-ы директоры хæстæ æххæстгæнæджы фæивар кодтой 20 мин сомæй.

Уымæй уæлдай, Промышленнон районы прокурор бахæс кодта зæххы закъонæвæрынады хæлд аиуварс кæнын.

РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

ТРЕБУЮТСЯ:
Помощник руководителя (можно без опыта), график работы 5/2, возможно совмещение, з/п — 35 тыс. руб.
ТЕЛ.: 8-988-837-30-13.
Администартор ответственный, график работы 5/2, возможно совмещение, з/п — 22 тыс. руб.
ТЕЛ.: 8-988-837-81-14.

ПРОДАЮТСЯ
межкомнатные новые двери из шпона.
ТЕЛ.: 8-918-839-37-55.

Отделочные работы по дереву
Услуги плотника, установка полов, евровагонки, блокхаус, фальшбрус и других деревянных изделий. Покраска, лакировка, полировка, тонирование, реставрация мебели и других деревянных изделий.
Выезд по республике. Консультации. Опыт.
ТЕЛ.: 8-928-073-88-20; 92-52-60 (Артур).

БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ
тел умерших. Быстрый выезд по городу и республике. Похоронные принадлежности. Перевозка тел.
ТЕЛ.: 56-63-85; 8-918-822-81-80.
Работаем круглосуточно.

Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон Ирон академион театр
уæ хоны сывæллæтты ногазон спектакльмæ
26-30 декабры "Алæмæты гæды"
Шарль Перройы аргъау "Кот в сапогах"-мæ гæсгæ
Инсценировкæ æвæрæг — **ÆЛБЕГАТЫ Алан**
Райдайæн — 10.00, 12.00 æмæ 14.00 сахатыл
Билеты аргъ — 200 сомы.
Билеттæ балхæнæн ис театры кассæйы.
Уæ фæрстытимæ бадзурæн ис
ТЕЛ.: 25-17-37, 55-14-68, 25-11-42
Зал ифтонг у тæлмацгæнæн аппаратурæйæ.
Ист цæуынц коллективон курдиæттæ.

Учебный центр ПРЕСТИЖ — КЛАСС
ПРОИЗВОДИТ НАБОР ГРУПП ДЛЯ ОБУЧЕНИЯ
* Парикмахер-универсал — 2 месяца.
* Косметолог-визажист — 2 месяца.
* Визажист — 2 недели.
* Маникюр — 1 месяц.
* Педикюр — 1 месяц.
* Коррекция бровей — 2 недели.
* Наращивание ногтей — 2 недели.
* Эпиляция — 1 неделя.
* Наращивание ресниц — 3 дня.

Помощь в трудоустройстве
Наш адрес: ул. Джанаева, 18, тел.: 54-32-14, 8-903-484-33-15.
Лиц.№226648 от 29.06.2007 г.
Выходной — воскресенье
http://prestigklass2008.narod.ru

Хиуæттæ æмæ хæстæджытæ хъыгзæрдæйæ хъусын кæнынц,

ГУГКАТЫ Бексолтан Абадийы фырт

кæй амард, уый.

Зиан рахæсдзысты 29 декабры, майрæмбоны, Плиты Иссæйы уынджы 5-æм хæдзарæй.

Газет уадзынц РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци".
Газеты регистрацион номыр (ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редактор БИТАРТЫ Маринæ

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Осетия-полиграфсервис"-ы

Сæйраг редактор — 25-96-27
Сæйраг редакторы хæдивджытæ — 25-94-37, 25-63-19
Рауагъды дирекци — 25-94-37, 25-90-54
ХАЙÆДТÆ:
Культурæйы, фæсивæды æмæ спорты — 25-91-89, 25-99-33, 25-94-09, 25-96-31.
Æхсæнадон, политикон, социалон æмæ экономикон — 25-90-51, 25-94-57
Бухгалтери — 25-94-19
Къамисæг — 25-93-68
Сайты редактор — 25-96-16
РЕКЛАМÆ — 25-67-03, Корректортæ — 25-93-36.

✔ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй рафыстой, уый.
✔ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✔ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✔ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 5186. Заказ № 1595. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00. мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.растдзинад.рф

Газета выходит 5 раз в неделю "Растдзинад" ("Правда")
УЧРЕДИТЕЛИ: Парламент РСО-А, Правительство РСО-А, ГБУ "Редакция республиканской народной газеты "Растдзинад".
Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания 30 марта 2012 г. (ПИ № ТУ 15-00063)